ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№142 (23.956) • 2019 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 29, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

• Обозревателым и псалъэ

## Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ



**Тхыдэм нэхъ жыжьэ дыкIуэцIрыплъыжми, и нэхъ гъунэгъуу дыкъэIэбэжми, дэ дольагъу урысхэмрэ адыгэхэмрэ сыт щыгъуи быдэу зэпыщIауэ, зэдэIэпыкъуу, зэрыщIэу зэрыщытар. Абы и щапхъэхэр куэдщ, ауэ дэ иджыпсту нэхъ хэхауэ зи гугъу тщIынур ахэр щызэкъуэува лъэхъэнэрщ. КъыщыщIэддзэнщ епщыкIуханэ лIэщIыгъуэм.**

1557 ГЪЭМ пщы уэлий Идар Темрыкъуэ Урысей къэралыгъуэм Къэбэрдейр зэрыхыхьэр жиIащ, дзэ-политикэ зэгухьэныгъэ теплъэ иIэу. ЛъэныкъуитIми я дежкIэ а зэгурыIуэныгъэм и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу инт: Къэбэрдейр щыхъума хъурт къэзыухъуреихь и жагъуэгъу куэдым, Урысейми бий и мащIэтэкъым.

А Iуэхур щIагъэбыдащ, Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (иужькIэ Марие хъуар) пащтыхь Грозный Иван 1561 гъэм щхьэгъусэу иратри. Урысейм и тетым и бжаблэм щIэуващ абы къэгъазэ имыIэу сыт и лъэныкъуэкIи хуэпэжыну адыгэ лIакъуэлIэш куэд. Абыхэм IэнатIэ псоми къыщагъэлъэгъуащ зэрышыщхьэмыгъазэр, къулыкъу зыхуащIэ къэралым папщIэ я псэр ятыну зэрыхьэзырыр. Мыбдеж псом япэу дигу къэдгъэкIыж хъунущ а зэман гугъум - Урысейр лыхь-литва зэрыпхъуакIуэхэм щаIэщIыхьэ пэта «Зэрыхьзэрий лъэхъэнэм» - Москва хуит къэзыщIыжахэм Черкасский Дмитрий (Къанщауэ) лIыгъэшхуэ хэлъу зэрахэтар. Абы и гупырщ зэрыпхъуакIуэхэр дэзыхужар бийм нэхъ къаруушхуэ щызэщIигъэуIуа Китай-къалэм. АрщхьэкIэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэранкIэ ар иджыри къэс къыхагъэщыркъым - псори дин лэжьакIуэ Минин Кузьмарэ дзэпщ Пожарский Дмитрийрэ я фIыщIэу ягъэув. Абыи къыщынэркъым: Черкасскэм и пщIэр апхуэдизу инти, ар Урысейм и пащтыхьу ягъэувыну къагъэлъэгъуат, ауэ езым зыхригъэхын идакъым, лъэпкъкIэ зэрымыурысыр тегъэщIапIэ ищIри.

Абы и ужькIи утыкушхуэм итащ нэгъуэщI ди лъэпкъэгъухэри: Черкасский Иванрэ а унэцIэ дыдэр зезыхьэ Яковрэ (Урыскъан) - Урысейм и Правительствэм и УнафэщIу щытахэр.

Щхьэхуэу и гугъу щIыпхъэщ Пётр Езанэм и дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэ, Урысейм и япэ генералиссимус, нэгъуэщI къэрал щыкIуэкIэ пащтыхьым езым и пIэкIэ къигъанэу щыта Черкасский Михаил. Ар урысхэм къыпхуэмылъытэн хуэдизу фIыуэ къалъагъуу щытащ.

Къэхутэныгъэхэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ щIэбэн пащтыхьым апхуэдэ дыдэу хуабжьу щIэгъэкъуэн хуэхъуащ Каспий тенджызым и картэ зэIубз япэу зэхэзылъхьа Бекович-Черкасский Александр. Абы и псэри итауэ щытащ къулыкъу зыхуищIэ Урысейм папщIэ.



Тхыдэм фIыкIэ къыхощыж империем зиузэщIыным хэлъхьэныгъэ ин дыдэхэр хуэзыщIахэу Черкасскэхэ Алексейрэ Владимиррэ.

А ПСОРИ дэ нобэ дигу къыщIэдгъэкIыжыр ди лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм я фIыщIэр дымыгъэкIуэдын мурадкIэщ. Псом хуэмыдэу дэ игъащIэкIэ дыкъыхэмыкIыжыну дызыхэт икIи дызэрыгушхуэ Урысей къэрал лъэщым и Президент, псоми пщIэшхуэ зыхуэтщI Путин Владимир ди республикэм къыщытхуеблэгъа зэманым ар хуабжьу игъуэу къыдолъытэ. Хэбгъэзыхьмэ, ди япэ итахэм ягъэтIылъа лъабжьэхэм тещIыхьауэ щымыту пIэрэ а гулъытэр? Ар щIыжытIэр къэрал абрагъуэм (щIыналъэ 85-рэ мэхъу) и Iэтащхьэм ди республикэ цIыкIуми къылъэIэсыну Iэмал зэригъуэтыр ди гуапэщи аращ. Дауи, ар езы ди лъэпкъэгъухэм къалэжьыжащ.

БлэкIа лIэщIыгъуэхэми хуэдэу, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ сыт щыгъуи гурэ псэкIэ хущIокъу Урысейм Федерацэм и щIыхьымрэ лъэщагъымрэ яIэтыну. Путин Владимир, шэч хэмылъу, щыгъуазэщ а псоми.

Ди къэралым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ Дэгужий Виталий, Мэлбахъуэ Тимборэ, Къэрмокъуэ Хьэчим, Къалмыкъ Юрий, КIуэкIуэ Валерий, Къанокъуэ Арсен, КIуэкIуэ Юрий сымэ, н.

Мыбдежым щхьэхуэу къыхэдгъэщхьэхукIынщ Путин Владимир КIуэкIуэ Валерий и акъылыфIагъымрэ щыпкъагъэмрэ сыт щыгъуи пщIэшхуэ къыхуищIу, ар игъэныбжьэгъуу зэрыщытар.

Урысейм и щIыхьыр къэзыIэтахэм ящыщщ литературэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьын и лъэныкъуэкIэ куэд зэфIэзыгъэкIахэу Темыркъан Юрий, КIыщокъуэ Алим, МэшбащIэ Исхьэкъ, КIэрашэ Тембот, Даур Аслъэн, Шемякин (Къардэн) Михаил, Тут Заур сымэ, н.

Апхуэдэу дэ ди мащIэкъым урысей спортыр дунейпсо щыгум щызыIэтахэри. Я цIэ къитIуэнщ Олимп чемпионхэу Шыхъуэ Борис, Чыржын Мухьэрбий, Ахэмын Еленэ, Къардэн Мурат, Хъущт Аслъэнбэч, Мудрэн Беслъэн, самбэмкIэ пщыкIузрэ дунейпсо чемпион Хьэсанэ Мурат, Махуэ Билал сымэ.

Мис апхуэдэу дэ нобэ къыдогъэблагъэ фIыуэ тлъагъу икIи шэчыншэуи фIыуэ дыкъэзылъагъу ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэр!

**ШАЛ Мухьэмэд.**





## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ Кавказым и муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIым



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык щыхуэзащ лэжьыгъэ IуэхукIэ республикэм къэкIуа, Кавказым и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и Iэтащхьэ Пашазаде Алыхьшыкур. ЗэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэ Стариков Сергей, Азербайджан Республикэм и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Гасанов Алий, КъБР-м и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Дзасэжь Хьэзрэталий сымэ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ дин зэмылIэужьыгъуэхэм итхэм я зэпыщIэныгъэхэр дяпэкIэ гъэбыдэным, цIыхухэм яку дэлъ мамырыгъэр хъумэным, щIалэгъуалэр дин идеологие егъэлеяхэм демыгъэхьэхыным.

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэ лъапIэм фIыщIэ хуищIащ дин фIэщхъуныгъэ зыхэлъхэм я Iуэхур дэгъэкIыным зэпымыууэ и нэIэ зэтригъэтым папщIэ. «Ди республикэм зэманкIэрэ укъызэреблагъэм къегъэлъагъуэ уэ КъБР-м и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм сыт и лъэныкъуэкIи зыкъыщIэбгъэкъуэну узэрыхущIэкъур. Уи лэжьыгъэри уи гъащIэри лъэпкъхэм яку дэлъ мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр хъумэным хуэунэтIащ», - жиIащ абы.

Пашазаде Алыхьшыкур къыхигъэщхьэхукIащ къэралымрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым тэмэму зэрыщызэтегъэувар икIи апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр адэкIи гъэбыдэн хуейуэ къызэрилъытэр. Абы КIуэкIуэ К. В. гуапэу къызэрыIущIам папщIэ фIыщIэ къыхуищIащ икIи Азербайджаным и Президент Алиев Илхам и цIэкIэ иригъэблэгъащ а республикэм щыхьэщIэну.

ЗэIущIэм хэхауэ къыщаIэтащ 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным зэрызыхуагъэхьэзырыр. Кавказым и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и Iэтащхьэм игу къигъэкIыжащ 233-нэ Азербайджан фочауэ дивизэм и зауэлIхэр адрей лъэпкъ куэдми я лIыкIуэхэм ящIыгъуу Мэздэгу къалэр хъумэным зэрыхэтар. «Иджыпсту дэ къэрал гъунапкъэхэмкIэ дызэпыгъэщхьэхукIащ, ауэ а зэманым тхэлъа зэкъуэтыныгъэр тфIэкIуэдакъым. Дэ димыгъэпIейтейуэ къанэркъым дунейм и щIыналъэ щхьэхуэхэм фашизмэм зыкъыщиIэтыжыну зэрыхущIэкъум. Апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм псори дызэкъуэту дапэщIэувэн хуейщ», - щIигъужащ дин лэжьакIуэм.

Азербайджаным къикIа хьэщIэ лъапIэр а махуэ дыдэм хэтащ ислъамым и хабзэхэм нобэрей Урысейм щаIэ мыхьэнэм теухуауэ Налшык щрагъэкIуэкIа къэрал зэхуаку щIэныгъэ конференцым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

• Дэтхэнэ зыми папщIэ

## Дыгъэгъазэм и 12-м сыхьэт 12-м щIедзэ

**Урысей Федерацэм и Президентым къызэригъэувам тету 2013 гъэ лъандэрэ УФ-м и Конституцэм и махуэм - дыгъэгъазэм и 12-м - щIыпIэ зэманымкIэ сыхьэт 12-м щегъэжьауэ сыхьэт 20-м нэсыху къэрал псом цIыхухэм щаIуощIэ Урысей Федерацэм и Президентым цIыхухэм щахуэзэ и IуэхущIапIэу Москва къалэм дэтым, апхуэдэ IуэхущIапIэу федеральнэ округхэмрэ Урысей Федерацэм и административнэ центрхэмрэ щыIэхэм, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм.**

ЩIЫПIЭ зэманымкIэ сыхьэт 12-м щегъэжьауэ сыхьэт 20-м нэсыху Урысей Федерацэм и Президентым цIыхухэр щахуэзэ и IуэхущIапIэхэм, къэрал органхэм е щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм цIыхухэр щрагъэблагъэ а органхэм полномочиехэр зрата къулыкъущIэхэм. КъекIуэлIа цIыхухэм я арэзыныгъэкIэ ахэр зэпсалъэ хъунущ, видеоконференц связым, аудиосвязым я Iэмалхэр къагъэсэбэпу. Я щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэр чэзууэ ирагъэблагъэ езыхэр зищIысыр къэзыгъэлъагъуэ документым (паспортым) ипкъ иткIэ.

2019 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ я уполномоченнэ лэжьакIуэхэр зи щхьэ IуэхукIэ къекIуалIэхэм щахуэзэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ цIыхухэр щрагъэблагъэ я IуэхущIапIэм. Адресыр: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 27.

ЦIыхухэм яхуэзэнымкIэ урысейпсо махуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и органхэм зи щхьэ IуэхукIэ къекIуалIэхэр зэрыщрагъэблэгъэнум теухуа хъыбарыр а органхэм я Интернет-сайтхэм иралъхьэ.

• Узыншагъэ

## IэмэпсымэщIэхэр къащэху

**«Доступная среда» программэм хыхьэу, Сабий унэмрэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщымрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэм я узыншагъэр зэрызэфIагъэувэжын IэмэпсымэщIэхэр щагъэуващ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм а IуэхущIапIэм яIэригъэхьащ реабилитацэ, физиотерапевтическэ Iэмэпсымэ зэхуэмыдэу 28-рэ.**

ЗИ ГУГЪУ тщIа программэр зэрагъэзащIэм и фIыгъэкIэ сабий IуэхущIапIитIым узыншагъэр зэрырагъэфIэкIуэж иджырей IэмалыщIэхэр къыщагъэсэбэпу щIадзэнущ. Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым етIанэгъэ и пэщIэдзэм реабилитацэ къудамэ къыщызэIуахыну я мурадщ. Абы я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжынущ къупщхьэ къута, ущэба зиIэхэм щеIэзэ къудамэм щIэлъахэм, апхуэдэуи неврологие узыфэр зиIэ сабийхэм.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

★ ★ ★ ★ ★ ★



### Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

Дызыхуэк Iуэ 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIрагъэдзу хуежьащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 696-рэ кIэпIейкIэ 30-рэщ.

**Ди индексыр П 5894.**

## Примаков Е. М. и цIэр зезыхьэ фондыр ди интернатхэм къадоIэпыкъу

**Сабийхэм ядэIэпыкъунымкIэ Примаков Е. Н. и цIэр зезыхьэ фондым къиутIыпщащ Нартан къуажэмрэ Приближнэ станицэмрэ дэт интернат еджапIэхэр техническэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыным текIуэдэну ахъшэр. Апхуэдэ унафэ къащтащ Урысей Федерацэм и Сату-промышленнэ палатэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету.**

РЕСПУБЛИКЭМ щызэхалъхьэ заявкэхэм япкъ иткIэ жьыщIапIэхэм папщIэ Iэмэпсымэхэр, щIыIалъэхэр, нэгъуэщIхэри къащэхури интернатхэм ирагъэшащ. Интернат еджапIитIым я унафэщIхэм фIыщIэ псалъэхэр зэрыт тхыгъэхэр хуагъэхьащ КъБР-м, Урысей Федерацэм и Сату-промышленнэ палатэм, Примаков Е. М. и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондым я унафэщIхэм. Абыхэм къыхагъэщхьэхукIащ сабийхэр зэрырагъэаджэр, зэрапIыр егъэфIэкIуэнымкIэ тыгъэ лъапIэхэр икъукIэ сэбэп зэрыхъунур.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

• Гу зылъытапхъэ

## ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр къыхах

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къиштащ Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэмрэ Налшык къалэ округымрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я органхэм щIалэгъуалэ политикэм ехьэлIа я коллегиальнэ чэнджэщэгъу органхэм къабгъэдэкIыу хагъэхьэнухэр къызэрыхихыр.**

ЗЫХУЭФАЩЭ тхыгъэ щIыгъуу документхэр хуагъэхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым. Документхэм траха копие псори IуэхущIапIэм и мыхъуркIэ щIэгъэбыдауэ щытын хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъэхь документхэр 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м нэсыху къыщыIах Налшык къалэм Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет 55-нэ унэм и пэш №105-м.

Конкурсыр зэрекIуэкIынум нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыфщI хъунущ 42-60-84, 40-45-26 телефонхэмкIэ. Апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и официальнэ сайтым.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Къуажэ администрацэхэм я лэжьэкIэм кIэлъоплъ

**Бахъсэн районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ къуажэ администрацэхэм я лэжьэкIэр къыщапщытэжа зэIущIэ. Абы щыхэплъащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм хиубыдэ Iуэхухэм, жылагъуэхэр зэIузэпэщ зэращIым, зэрагъэкъабзэм.**

БАЛЪКЪЫЗ Артур дэтхэнэ къуажэм и Iэтащхьэми хуигъэуващ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, социальнэ IэнатIэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэр зэращIыну проект-сметэ документацэр гъэхьэзырын щыхуей пIалъэхэр икIи а Iуэхум жэуаплыныгъэ яхэлъу бгъэдыхьэну къыхуриджащ.

Щхьэхуэу зэIущIэм щызэпкърахащ бэджэнд уасэхэмрэ налогхэмрэ къызэрыхахым.

**ЧЫЛАР Аринэ.**



● Электрокъару

# Шэч къытрахьэркъым

**Фигу къэдгъэкIыжынщи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэм ипкъ иткIэ, «Урысейсетхэр» къэралпсо IуэхущIапIэм деж щызэщIагъэуIуэ ди къэралым и щIыналъэхэм электрокъарур щызэзыгъэзахуэу ит IэнатIэ щхьэхуэхэр.**

АЛЭЖЬЫГЪЭР хуэгъэзащ токыр къэзыгъэсэбэпхэм ар ярикъуу икIи зэпыу имыIэу яIэрыгъэхьэныр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным. УФ-м и УнафэщIым къызэрилъытэмкIэ, жэрдэмыр къыхалъхьащ щIыналъэхэм электрокъарур щызэзыгъэзахуэу щыIэ IуэхущIапIэхэм я нэхъыбапIэр я къалэнхэм зэрыпэмылъэщым, токыр зэрытрагуашэ Iэмэпсымэхэр зэкIэлъыгъэкIуауэ зэрахуземыхьэм, а псом къыхэкIыуи предприятэхэмрэ унагъуэ щхьэхуэхэмрэ электричествэкIэ ирикъуу къызэгъэпэща зэрымыхъум я щхьэусыгъуэкIэ.

«Кавказ Ищхъэрэм и «Урысейсетхэр» компанием и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм и унафэщI Къарэ Муртаз зэрыжиIэмкIэ, электрокъарур зэзыгъэзахуэ IуэхущIапIэхэр зэгъэуIуным теухуа лэжьыгъэр мы зэманым ди республикэми щокIуэкI. «А Iуэхум зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызэрырикIуэнум шэч къытетхьэркъым. Ар ехьэлIащ ди электрокIапсэхэмрэ абыхэм япыщIа Iэмэпсымэхэмрэ зехьэныр нэхъ тынш, ахэр зыхуей хуэгъэзэным тедгъэкIуадэ къарумрэ зэманымрэ куэдкIэ нэхъ мащIэ зэрыхъунум», - къыхигъэщащ Къарэм.

Къэдгъэлъэгъуэнщи, ди республикэм и Май щIыналъэм уэздыгъэм пыщIа и IуэхущIапIэр, абы и мылъкумрэ и лэжьакIуэхэмрэ куэд дэмыкIыу «Кавказ Ищхъэрэм и «Урысейсетхэр» компанием и унафэ щIэувэнущ. «Дэ къызэрытлъытэмкIэ, районым электрокъару щызэзыгъэзахуэу щыдиIэ IэнатIэр зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм хыхьа иужькIэ, ди щIыпIэм ит IуэхущIапIэхэмрэ щыпсэу цIыхухэмрэ токкIэ ирикъуу къызэгъэпэщыныр, ар хабзэншэу къэзыгъэсэбэпхэр къыщIэгъэщыныр куэдкIэ нэхъ зэгъэкIуа икIи нэхъ тынш хъунущ», - жеIэ Май район администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Саенкэ Татьянэ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Туризм

# Iэзагъэ нэсым и джэлэс

**«Урысейр зэфIэкI инхэм я къэралщ» президент платформэм и проектыщIэ «ХьэщIагъэм хуэIэзэхэр» къэралпсо зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зиIэхэм абы теухуа я тхылъхэр щэкIуэгъуэм и 13-м къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 20 пщIондэ «мастерагостеприимства.рф» сайтым ирагъэхь хъунущ.**

ЗЭПЕУЭМ щытекIуэнухэм я ущиякIуэ-гъэсакIуэу къагъэлъэгъуахэм ящыщщ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщI ТIымыжь Хьэсэн, «Урысейтуризмэм» и Iэтащхьэ Догузовэ Заринэ, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ и чемпион хъуа Мастерковэ Светланэ, ресторатор Раппопорт Александр, цIыхухэр къызэрыращэкI транспорт компанием и тхьэмадэ Иванов Пётр сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIхэм, апхуэдэуи, Iэмал яIэнущ къыхаха унэтIыныгъэм ирилажьэу ди къэралым щыIэ компание нэхъ ин дыдэхэм зыщагъэсэнымкIэ, езыхэм я жэрдэмкIэ къыхалъхьэ проектхэр къыщыдаIыгъын, я IэщIагъэм къащыхуэщхьэпэн зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьынымкIэ, Москва дэт «Сколково» бизнес-еджапIэм пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыщызэрагъэпэщ дерсхэм щIэдэIуну хуит зыщI сертификатхэр къахьынымкIэ.


ТIымыжь Хьэсэн

«Къыддэлажьэхэр, хьэщIэщхэр, шхапIэхэр къыщызэIуахкIэ, туризмэм, альпинизмэм пыщIа Iэмэпсымэхэр хьэхуу щат IуэхущIапIэхэр къыщызэрагъэпэщкIэ, нэхъыбэ дыдэу зыIууэ гугъуехьхэм ящыщщ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыхухэр къэгъуэтыныр, зэшэлIэныр. Абы къыхэкIыуи фIыщIэ лей яхуэфащэщ мы зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм. Мыдрейуэ, дэ, унафэщIхэри къуршхэм щыдиIэ курортхэм щылажьэхэри, дыхьэзырщ зэхьэзэхуэм и зы дэтхэнэ пычыгъуэри тэмэму егъэкIуэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дыхъуну», - къыхигъэщащ ТIымыжь Хьэсэн.

Зэпеуэм щытекIуэну цIыху 50-м я цIэхэр 2020 гъэм и мэлыжьыхьым наIуэ къэхъунущ.

**БЭРАУ Бышэ.**



● Хъыбар гуапэ

# КIыщ Мухьэдин ягъэлъапIэ

**Москва къалэм ХудожествэхэмкIэ и Урысей академием и Президиумым и зэIущIэм абы и президент Церетели Зураб УФ-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ЩIДАА-м и академик, художник цIэрыIуэ КIыщ Мухьэдин щритыжащ «Гъуазджэм зэрыхуэлажьэм папщIэ» орденым и ещанэ нагъыщэр, илъэс 80 зэрырикъум папщIэ къыхуагъэфэщар.**




МУХЬЭДИН и щхьэгъусэ икIи и артунафэщI Мосс Жаклин къратащ «Академием хуэгъэзауэ иIэ фIыщIэм папщIэ» медалыр. Зэхыхьэ гуапэм хэтащ ФедерацэмкIэ Советым ди щIыналъэм къыбгъэдэкIыу щыIэ сенаторым и дэIэпыкъуэгъу КIыщокъуэ Александр.

## ЖармыкIэр пщэдей зэхыхьэнукъым

ИЛЪЭСЫЩIЭМ зэрызыхуагъэхьэзырым къыхэкIыу Абхъазым и утым щрагъэкIуэкI жармыкIэр щэкIуэгъуэм и 30-м зэхыхьэнукъым. Сатур щекIуэкIынур къыкIэлъыкIуэ махуэрщ, дыгъэгъазэм и 1-рщ.




# «Ажалыр щащэр къыджеIэ!»

**«Ажалыр щащэр къыджеIэ!» урысейпсо Iуэхум, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм зэдрагъэкIуэкI «Урысейм и сабийхэр-2019» лэжьыгъэм и етIуанэ Iыхьэхэм хиубыдэу, республикэ МВД-м и лэжьакIуэхэр яхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр сату-технологие колледжым щеджэхэм. «СтIол хъурей» зэIущIэм щытепсэлъыхьащ афияным зэраныгъэу къишэм, балигъ мыхъуахэр хабзэм ебэкъуэныр, ахэр щIэпхъаджагъэхэм хашэныр къэмыгъэхъуным ехьэлIауэ ящIапхъэм.**

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъ и управленэм и оперуполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и подполковник Давыдовэ Иринэ студентхэм ягуригъэIуащ афиянхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ хабзэм ебэкъуауэ щэным уголовнэ, административнэ жэуап зэрыпылъыр, абыхэм апхуэдэ хабзэншагъэхэр ялэжьыныр къэбгъэхъу зэрымыхъунур.

Налшык къалэм щыIэ УМВД-м балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм и инспектор нэхъыжь, полицэм и майор Балъкъэр Залинэ ягу къигъэкIыжащ цIыху зэхуэсыпIэхэм фадэхэкI, тутын щефэхэм яхь жэуаплыныгъэр, балигъ мыхъуахэм щIэпхъаджагъэ езыгъащIэр уголовнэ Iуэхум зэрырашалIэр. Апхуэдэуи яжриIащ социальнэ сетым кърикIуэ мыхъумыщIагъэхэр зыхуэдэр. Зи щIалэгъуэхэм зэман нэхъыбэ щагъакIуэ Интернетым, абы бзаджащIэхэм къыщалъыхъуэ къагъэделэфынухэр, нэхъыбэми ахэр ныбжьыщIэхэращ.

Полицэм и участковэ уполномоченнэ, полицэм и майор Шэджэм Алим щIалэгъуалэр къыхуриджащ я узыншагъэр яхъумэну, творчествэм, спортым зратыну, еджапIэми унэми жыIэдаIуэу щыщытыну.

ХьэщIэхэм къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ республикэм «линэ пщтыр» телефонхэр зэрыщылажьэм икIи жэщ-махуэ имыIэу упсалъэу афиянхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ хабзэм ебакъуэу зэращэмкIэ хъыбар ирагъащIэ зэрыхъунум.

Полицейхэм студентхэм иратащ КъБР-м щыIэ МВД-м и телефонхэр зытет буклетхэр. Студентхэр жыджэру хэтащ наркоманиемрэ хабзэншагъэмрэ щымыгъэIэным теухуа псалъэмакъым.

КъБР-м щыIэ МВД-м наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъ и управленэм фигу къегъэкIыж:

Хабзэм къемызэгъыу афиян ящэу гу лъыфтэмэ (щащэ щIыпIэм; ар зыщэ цIыхухэм; наркотикхэм ятеухуа хъыбархэр къыщагъэлъагъуэ Интернет-ресурсхэм), сыт щыгъуэ зэмани мы телефонхэмкIэ хъыбар евгъащIэ зэрыхъунур: 02 е 102 мобильнэ операторхэм, апхуэдэуи КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр частым фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ:

- 8(8662) 40-49-10 е 49-50-62 «дзыхь зыхуащI телефоным».

**УАРДЭ Жантинэ.**

● «Iуащхьэмахуэ»

# Етхуанэ къыдэкIыгъуэм фыкъыщеджэ

**Дунейм къытехьащ литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр - 2019 гъэм и етхуанэ (сентябрь - октябрь) номерыр.**

ЖУРНАЛЫМ и жьантIэр ялъысащ тхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэдрэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зуберрэ - Къэрмокъуэр къызэралъхурэ илъэс 90, Тхьэгъэзитым и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъуащ. Япэ напэкIуэцIхэм укъыщоджэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэ кIэщIым, абы и IэдакъэщIэкIхэм илъэс зэхуэмыдэхэм хужаIа псалъэ гуапэхэм, «Щихухэр иджыри мэкI» и роман цIэрыIуэм щыщ пычыгъуэм. КъыкIэлъыкIуэр филологие щIэныгъэхэм я кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ «Лъэпкъым и гум къипсэлъыкI усакIуэ» зыфIища и тхыгъэращ, Тхьэгъэзитым теухуауэ. «Хэтми - япэ къэса жьакIуэр Хэку джэгуакIуэу къыщIэмыкI. Тхьэм и лIыкIуэмэ усакIуэр, Лъэпкъым и гум къопсэлъыкI» сатырхэр, Зубер и усэм къыхихар, эпиграф зыхуэхъуа тхыгъэм гъэхуауэ и гугъу щещI Тхьэгъэзитым и зэфIэкIым, и зэчийм, и усыгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм. Людмилэ итхахэр щIагъэбыдэми ярейщ Зубер къэзыцIыхуу, и ныбжьэгъуу, лэжьэгъуу щытахэм илъэс зэхуэмыдэхэм къыхужаIа псалъэ гуапэхэм, и сурэтхэм, и IэдакъэщIэкI усэ купщIафIэхэм.

«Прозэ» рубрикэм щIэтщ Журт Биберд и «Унагъуэ» романым щыщ пычыгъуэр. Абы и пэщIэдзэр еплIанэ къыдэкIыгъуэм тетащ, мы номерым абы щыпещэ.

НэщIэпыджэ Замирэ и публицистикэ тхыгъэщ «Лъэпкъыр зыдэбжьыфIэ махуэшхуэ» фIэщыгъэм щIэтыр, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр (фокIадэм и 20-р) зэрагъэлъапIэм теухуар.

Философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Унэж Кашиф пасэрей адыгэхэмрэ алыджхэмрэ я щэнхабзэм триухуа и тхыгъэшхуэр щIэныгъэ мыхьэнэ ин зиIэщ, ар куэдым щIэщыгъуэ зэращыхъунум шэч хэлъкъым. Ар щIэтщ «ЛIэщыгъуэхэм я лъэужь» рубрикэм.




КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и егъэджакIуэ Бэгъуэтыж Светланэ псэлъэгъу гъэщIэгъуэнщ (ар сэ згъэунэхуащ. - **И. З.**), гу къабзэ зиIэ цIыхущ, зи лэжьыгъэм хуэIэижьщ. Абы теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ, и гупсысэхэмкIэ, и хъуэпсапIэхэмкIэ къыщыддэгуашэ тхыгъэщ журналым и «Культурэ» Iыхьэр къызэIузыхыр.

Абы къакIэлъокIуэ Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, режиссёр, сценарист, продюсер ЕмкIуж Андзор теухуа тхыгъэр, Адыгейм щIыхь зиIэ и журналист НэщIэпыджэ Замирэ и IэдакъэщIэкIыр. Фызэрыщыгъуазэщи, 2019 гъэр Театрым и илъэсу ягъэуващ. Абы хуэгъэпса тхыгъэхэр илъэсым и кIуэцIкIэ журналым иратыну абы и лэжьакIуэхэм ящIа мурадым къыпызыщэщ «Лъэпкъ культурэм и хъумапIэ» фIэщыгъэр зиIэ интервьюр. Замирэрэ Андзоррэ я зэпсэлъэныгъэр щIэщыгъуэ хъуащ, Андзор и дуней тетыкIэмрэ и лэжьыгъэмрэ, и дуней еплъыкIэмрэ и гупсысэхэмрэ наIуэу уи нэгу къыщIегъэувэ.

КъыкIэлъокIуэ «IуэрыIуатэ» Iыхьэр. Абы дыкъыщоджэ «Жэмыхъуэжь Сэтэней яфIехь», «Сэтэнейрэ уанащIэмрэ», «Сэтэней и гъыбзэ», «Нэсрэн», «Хьэмрий», «Нарт хабзэ» хъыбар кIэщIхэм. Сабийхэм яхухэха напэкIуэцIхэм иуващ Перро Шарль и «Яжьэгуащэ, е Хрусталь туфлъэ цIыкIу» таурыхъыр, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Нало Заур адыгэбзэм къригъэзэгъар. Ар цIыкIухэм яфIэгъэщIэгъуэныну, таурыхъыр нэIурыт зыщI сурэту абы хэгъэувахэм дихьэхыну дыщогугъ.

Журналыр зэхуещIыж куэд дэзыхьэх, зыпэплъэ псалъэзэблэдзым. МызыгъуэгукIэ ар псалъэжьу зэхэлъщ.

**ИСТЭПАН Залинэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.*

# ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъ махуэ



КЪЭБЭРДЕЙ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъ пэкIу щэкIуэгъуэм и 29-м екIуэкIынущ. Ар Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и деж пщэдджыжьым сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 30-м щызэхыхьэнущ. ПэкIум и кIэухым усакIуэшхуэм и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ.

# Нобэ

♦**Палестинэ лъэпкъыр дэIыгъыным и дунейпсо махуэщ.** 1947 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм резолюцэ къищтащ Палестинэр Инджылызым и унафэм къыщIэгъэкIыным теухуауэ. Апхуэдэуи абы щыубзыхуат Палестинэм къэралыгъуитI - журтхэм ейрэ хьэрыпхэм ейрэ - къыщызэгъэпэщыныр.

♦**Албаниер нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжа (1944 гъэм) махуэщ**

♦**1783 гъэм** Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и зэхуэсым абы и унафэщI Дашковэ Екатеринэ къыщыхилъхьащ урысей азбукэм «ё» хьэрфыр хагъэхьэну, алъандэрэ къагъэсэбэпа «iо»-м и пIэкIэ.

♦**1899 гъэм** Испанием «Барселона» футбол клубыр къыщызэрагъэпэщащ. Иджыпсту дунейм и топджэгу гуп нэхъ лъэщхэм ящыщщ ар.

♦**1917 гъэм** Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр къыдагъэкIащ.

♦**1920 гъэм** Армян ССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦**1924 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ Урысейпсо зэгухьэныгъэр.

♦**1932 гъэм** Франджымрэ СССР-мрэ Iэ традзащ зыр адрейм темыуэным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1941 гъэм** Петрищевэ къуажэм (Москва область) нэмыцэ фашистхэм партизанкэ Космодемьянская Зое (Таня) щхьэпылъэ щащIащ. Партизан гупым и хэщIапIэр кърагъэIуэтэну хъыджэбз цIыкIум сыт хуэдиз бэлыхь фашистхэм трамыгъэлъами, ар къахуэдзыхакъым. Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр Космодемьянскэм зэрымыпсэужу фIэщыным теухуа унафэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1942 гъэм мазаем и 16-м къищтауэ щытащ.

♦**1945 гъэм** Югославие Федеративнэ ЦIыхубэ Республикэ къызэрыунэхуам теухуа унафэ къащтащ. Абы и унафэщIу ягъэуват Иосиф Броз Титэ.

♦Совет актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Гребешковэ Нинэ** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Политик, Франджым и президенту (1995 - 2007 гъэхэм) щыта **Ширак Жак** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор **Хьэмхъуокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща, Лъэпкъхэм я къэрал театрым и художественнэ унафэщI **Миронов Евгений** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Совет фигуристкэ цIэрыIуэ, дунейпсо, европэпсо зэпеуэхэм мызэмытIэу щытекIуа **Петровэ Марие** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Хабзэ зыщIэм и Iуэху мэкIуатэ.**

● ФщIэн папщIэ

# ЯщIэ мыхъунухэр жраIэну хуитщ

**Налшык транспорт прокуратурэм цIыхухэр щегъэгъуазэ «Урысей Федерацэм хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымкIэ ялэжьыпхъэу ягъэбелджылам лъабжьэ хуэхъухэм я IуэхукIэ» 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къыдэкIа Федеральнэ закон №182-ФЗ-м ипкъ иткIэ, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм, прокуратурэм, ФСБ-м, УИС-м я къулыкъущIэхэм цIыхухэм гурагъаIуэ щIэпхъаджэхэр къэзышэнкIэ хъуну Iуэху ялэжьыну зэрыхуимытыр.**

«ПОЛИЦЭМ и IуэхукIэ» 2011 гъэм мазаем 7-м къыдэкIа Федеральнэ закон №3-ФЗ-м апхуэдэ къыщыгъэлъэгъуатэкъым, хабзэр къызэпаудыныр къэмыгъэхъуным телажьэ IэнатIэ нэхъыщхьэхэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэр язу щытми.

А щыщIэныгъэр ягъэзэкIуэжын мурадкIэ, 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м къыдэкIа Федеральнэ закон № 337-ФЗ-м «Полицэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 13-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ. Иджы полицэм и органхэр хуитщ хабзэхэр къызэпаудынкIэ шынагъуэ зыпылъ Iуэхухэр ящIэ зэрымыхъунур цIыхухэм гурагъэIуэну.

А зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыпхагъэкIыну щIыкIэр зыубзыхунур Урысейм и МВД-рщ.

Федеральнэ законым къару игъуэтащ 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м.

**МАРГЪУЩ Эсенэ,**
*Налшык транспорт прокурорым и дэIэпыкъуэгъу.*

● Гу зылъытапхъэ

# Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ фестивалым пещэ

**Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ я министерствэхэм фрагъэблагъэ Симфоническэ макъамэм и VIII дунейпсо фестивалым, Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэм.**

НАЛШЫК дэт Музыкэ театрым **щэкIуэгъуэм и 29-м** щекIуэкIынущ Урысейм и Театр Иным и оркестрым и япэ солист, флейтэм еуэ Николай Попов и концерт.

Концертым щыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.
ПщIэншэу фыщIагъэхьэнущ.

ФызыщIэупщIэн щыIэмэ, фыпсалъэ хъунущ **77-42-08, 42-43-13** телефонхэм.

# Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу

**«ХъуэпсапIэхэр нахуапIэ мэхъу» псапащIэ фондым, «Гуапагъэм и макъамэ» зэгухьэныгъэр, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министерствэр, КъБР-м щыIэ УФСИН-р, «ДэIэпыкъуэгъу хъухэр» волонтёр зэщIэхъееныгъэм хэтхэр и щIэгъэкъуэну, дыгъэгъазэм и 1-м Музыкэ театрым къыщызэрегъэпэщ Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм ирагъэхьэлIа концерт.**

АБЫ хэтынущ уэрэджыIакIуэхэу Мэремыкъуэ Резуан, Тхьэгъэлэдж Заур, Аппаевэ Миланэ, Къуныжь Тимур, Мэкъуауэ Кристинэ, Жырыкъ Рустам, Къэзэр Албэч, Насып Астемыр, Къуршэ Оксанэ, Шагъыр Астемыр, Догуэ Каринэ, Къуэдз Залым, Мэремкъул Ибрэхьим, Джэрыджэ Мурат, Сатушыхэ Мадинэрэ Дианэрэ, Къарэнашэ Ислъам, Баший Данэ, Тхьэмокъуэ Анзор, Жанкъазий Светланэ, Накуэ Аладин, Борзенкэ Маринэ, Алэкъей Тимур, Измайловэ Эвелинэ, Мэшокъуэ Регинэ, Журт Дианэ, Балъкъэр Санетэ сымэ, «Нал цIыкIу», «Эдельвейс», Bebi DenS, НИРВАНА, Sofimodels school гупхэр.

Концертым еплъыну хуейхэр абы пщIэншэу щIагъэхьэнущ.

**ЩыщIидзэнур сыхьэт 13-рщ.**

# Бгырыс щIыналъэм итхьэкъуахэр

## Сыт ахэр зэгъунэгъу зыщIыр?

ЩIЫНАЛЪЭ дахэм малъхъэдису цIыхур зыщIешэ. Ижьыижьыж лъандэрэ Кавказ лъахэм къэрал Iэджэхэр къыщIэхъуэпсу къокIуэкI. И дахагъэм и мызакъуэу, ахэр ди лъахэм къыхуэпабгъэрт мыр «КъуэкIыпIэм и хэгъэгухэм уаззрыхыхьэ куэбжэшхуэу» зэрыщытым къыхэкIыу. И дахагъэмрэ географие теухуауэ иIэ мыхьэнэшхуэмрэ бэлыхь мащIи хагъэтакъым жэнэт пэлъытэ ди лъахэр. Кавказым и курыкупсэм ису, абы и джэлэс пэлъытэу псэуа адыгэхэм а бэлыхьхэм я нэхъыбапIэр къалъысащ. Зауэмрэ банэмрэ хэмыкIыу къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъхэм я щхьэхуитыныгъэм щIэзэуэ лъыуэ ягъэжар къэзылъытэфын щыIэкъым.

Ауэ Кавказыр Iэщэкlэ яубыдыну щIэхъуэпсхэм я мызакъуэу, мыбы къакIуэрт литературэм, гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэри. КъакIуэрти, бгырыс щIыналъэм зэритхьэкъуар абыхэм я тхыгъэхэм къыщагъэлъэгъуэжырт.

Илъэсищэкlэ екlуэкlа Урыс-Кавказ зауэм пащтыхьыдзэм Iэщэкlэ щыхузэфIэмыкIыр урыс тхакIуэхэм, усакIуэхэм яхузэфIэкIырт - я тхыгъэ дахэхэмкIэ бгырысхэр ятхьэкъуфырт. Пащтыхьым зэрихьэ залымыгъэри, щхьэхуитыныгъэм зыри пэзымыщI бгырысхэм я щIыналъэр зэрахъумэжри къызыгурыIуэ а лIы щэджащэхэм яхэтт Толстой Лев, Лермонтов Михаил, нэгъуэщIхэми хуэдэу, Кавказым щыпсэуахэр. Яхэтт махуэ бжыгъэ фIэкIа щымыIахэри. Ауэ а махуэ бжыгъэри усакIуэ, тхакIуэ нэсхэм яхурикъурт ди щIыналъэр игъащIэкIэ ягу къинэн щхьэкIэ. ЯзыныкъуэусакIуэхэр, псалъэм папщIэ, Лермонтовыр, бгырысхэм, псом хуэмыдэжу адыгэхэм, езыхэм я лъэпкъ усакIуэу фIэкIа къащыхъужыркъым. Апхуэдэу щIыщытыр абыхэм Кавказым къыхуаIа лъагъуныгъэр я тхыгъэхэм зэрыщагъэлъапIэр аращ.

Нобэ теддзэхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIа урыс усакIуэхэр я цIэрыIуагъкIи IэзагъкIи зэхуэдэкъым. Ауэ ахэр зэрешэлIэж ди лъахэм хуаIэта усэ сатыр гъуэзэджэхэм. Ар и щыхьэтщ, зауэр сыт хуэдизкIэ залымыгъэу щымытами, гуапагъэрэ цIыху лъагъуныгъэкIэ гъэнщIа псэхэр зэрызэIыхьлым.

**УЭРЭЗЕЙ Афлик**,
*усакIуэ, зэдзэкIакIуэ.*

КОЗЛОВ Иван

## «Гнедич К. Н.» усэм щыщщ

ХъуэпсапIэ нэхур зи гурыщIэм, гурыщIэ ушэм и гъэфIэным
Усэ телъыджэм и пшыналъэр бгы лъахэм ину щыбгъэIуа?
Хиос-хьэфизым и уэрэдым, хулъэкIыу псэр игъэгуфIэну,
Кавказ къуршыжьхэр щIэдэIуа?

Дуней телъыджэм и дахагъэм хулъэкIыр уэ езым уолъагъур,
Къыр абрагъуэхэм я щыгур зэщIегъэлыдэр я мыл джанэм,
Аузым дэзу и толъкъунхэр, йожэх псы уэрыр бгым щIэбжьахъуэу,
Къызэролъэлъ дыжьыну!

Къуршыщхьэ тхъуахэм я уэс нурыр уэгу лъащIэ щхъуантIэм щракъухыр.
Жызум къудамэхэр къуэм доплъэ, щыхупIэ куухэм къащхьэщыту.
Уи лъабжьэм пшахъуэм зыщешыхьыр, къыщеджэдыхьыр мыкIуэмытэу,
Псыр гъуахъуэу нэпкъым къолъэр!

Уолъагъу жыжьаплъэу: къыр зэхуакухэр къызэхикIухьу итщ бгырысыр,
Тхьэхэм я мафIэр къафIихьыну тегушхуэфар зрапха бгыжьым
Щхьэхуитыныгъэм, лIыгъэм, шыфIым зи гъащIэр щIэзытыф шэрджэсым
КъытонэIукIыр и лъэужьыр.

Бгым ирапхами, и щхьэр зыми хуигъэлъэхъшакъым а лIыхъужьым,
КъигъэIурыщIэрт, уеблэм, хуэму езы Щыблэтхьэ дыдэм и гур.
КъыщеплъкIэ Тхьэшхуэр, къэгубжьауэ, лIыхъу къэмыланджэм и Iэужьым,
ИкIэзызыхьырт щыблэр Iэгум!

ПУШКИН Александр

## Кавказым и гъэр

(ПОВЕСТЫМ ЩЫЩ IЫХЬЭХЭР)

Адыгэр хуэму мэуэршэр.
Ягу къагъэкIыжыр я шы жэр,
ПсэзэпылъхьэпIэ щита зауэр,
ЗекIуэ шынагъуэм и IэфIагъ,
Бийм къылъыбгъэсу гузэвэгъуэр,
Щхьэхуитыныгъэ дэрэжэгъуэр
УщиIэ махуэм и дахагъ.
Уэркъ хьилэшыхэм я бзаджагъэр,
Абы я сэшхуэм и гъэбзэкIэр,
Шабзэшэу бийм якIэлъысар,
Бийм и жылагъуэу ягъэсар,
Гъэр тхьэIухудхэм я гуфIэкIэр.

***

Сурэт щэджащэхэм я теплъэ!
Уахътыншэ уэсхэм я шэнтжьейм
Замыгъэхъейуэ пшэхэр илъу
КъыпфIощIыр, уеплъым уэс чэщейм.
Абы я куэщIым щхьэмыж тхьэхуу,
ЗэщIэлыдэжу и щхьэ тхъуар,
КъыхотэджыкIри Iуащхьэмахуэ,
Къащхьэщоувэ бгыуэ хъуам.
Уэлбанэпежьэ уафэгъуагъуэр,
Игъауэу щыблэ, къыщысам,
Нэщхъейуэ щIалэр, щхьэр и жагъуэу
Бгы щыгум дапщэрэ теса!
И лъабжьэм пшэ хьэлъэжьхэр щIэпщу,
Етауэ, тафэм жьыр щытепщэу;
Къижыхьырт, щтауэ, зы мэз бжэн,
Къилъыхъуэу щхьэр зрихьэлIэн;
КъытелъэтыкIырти къыр сыджым,
Уафэгум бгъэхэр щызэпэджэрт.
Зэхыуигъэхыжкъым жьы щыкIам
Я макъ жэм бум, шы зэрызехьэм...
Уафэгум пшэ къыщыхъуэпскIам
ТрекIэр губгъуэм уэшхыр щхьэхьу;
Толъкъунхэм джабэхэр къалъэс,
Мывэ хьэдзэжьхэр зэлъыIуитхъуу
Къожэхыр псыхьэлыгъуэр гъуахъуэу, -
Гъэр щIалэ бгыщхьэм зэрытесщ;
ШыIэншэу поплъэ дыгъэ бзийм,
И закъуэу, къиту пшэм я щыгум,
ЗилIэжми щыблэм, мыгужьей,
КъыпфIощIыр мы зэрыхьзэрийм
ГуфIэгъуэ гуэр кърилъхьэу и гум.

Ауэ щIалэщIэр гъэщIэгъуэну
ЗыIэпишат лъэпкъ зыхэхуам;
КIэлъыплъырт, зыри къимыгъанэу,
Адыгэм хабзэ къыдалъхуам,
Я гъащIэр, хьэлыр щыхъут гурыхь,
ЗэуапIэм гур зэрыхуэпабгъэр;
Я хьэщIэм зэрыхуащIыр щIыхь,
Я жыджэрагъыр, яхэлъ лIыгъэр.
Адыгэ щIалэм и шагъдийм
Къызэхижыхьу къуакIи бгыкIи,
Гухэхъуэу зэрызиукъуэдийм
КIэлъыплъыфынут махуэ псокIэ:
Шыбг лантIэм исщ. Абы йокIупс
И пыIэр, и адыгэ щIакIуэр.
НыбжьыщIэм зауэм зыхуегъэпс,
Уанэгум ису IэкIуэлъакIуэу.
И Iэщэ-фащэ ямылейм
Дехьэх, икIауэ и нэхъуейр.
И Iэщэр, и шыр арщ адыгэр
ЗыкъуэгушхукIыр, зэрыпагэр:
Шабзалъэр, къамэр, мэIу, фокIэщI,
Аркъэныр, шабзэр, зым пимыщI
И сэшхуэр ибг ищIащ Iэпэгъуу
Зыщигъэпсэхуи зауэ губгъуи.
ЗауэлIым зы къемыхьэлъэкI,
Зы макъ имыщI щылъэси шууи.
А зэрыщытми зи темыкI, -
ЗэрызауэлI езэгъыпIэншэщ.
Къэзакъ жьэрыплъэм и ажалщ
И къулеигъэ и шы мафIэр,
Бгы щыгу ирапIыкIауэ Iэлщ
И ныбжьэгъу пэж къыхуэIумпIафIэр.
БгъуэнщIагъым, пабжьэ зэщIэкIам
КъыхолъэтыкIри накIуэпакIуэу,
Шабзэшэ щIагъэфиикIа
ПфIэщIыну пожьэ бий къыхуэкIуэм.
НапIэIэтыгъуэщ ар зыхуейр,
Бийр къыщIидзэну и шы бгъэгум.
Аркъэным зедзри блэ нэхъей,
КъреутIыпщхьыкIыр ар уанэгум.
И лъэгум хъуаскIэр щIэлыдыкIыу,
И нитIым къилыдыкIыу губжь,
Пхелъэфыр гъэрыр къуакIи бгыкIи,
Къыщинэу гъуэгум лъы лъэужь;
Лъэпощхьэпо къыхуэхъу щымыIэу,
Поджэжыр шы лъэ макъым бгыр.
Толъкъунхэр зыр адрейм кIэлъеIэу,
Къохутэр пащхьэм къуршыпс уэр.
КIуэрыкIуэу холъэр, псыкум гъэр
Хидзам ирефыр псы утхъуар.
Ажал щIолъэIур хэкIыпIэншэр,
Хуеижкъым зы, ажал нэмыщI...
Арщхьэ адыгэ щIалэм и шым
Ар зэпрех псы адрыщI.

***

Дунейр къэхъужмэ зэ мамыр,
Пщыхьэщхьэ пшагъуэ уэлбанэгъуэм
Жьэгу хуабэм дэсу мэуэршэр
Адыгэр хэсу и унагъуэм.
И пщIантIэм къыщыхуепсыхам,
Жэщ къытехъуауэ, гъуэгурыкIуэ,
Ирегъэблагъэ накIуэпакIуэу, -
Адыгэ Iэнэр зэIухащ.
Къыпожьэр хьэщIэм хэгъэрейр,
И фIэхъус гуапэр и пэ иту,
Хъуэхъубжьэ дахэр къыхуиIэту,
ИрегъэIэтыр мэрэмэжьейр.
Нэху щыхукIэ, щIакIуэр теубгъуауэ,
ЙопщIыхьыр хьэщIэр пщIыхь мамыр.
Нэхущым мэшэсыжри шур,
Тохьэжыр гъуэгу, зигъэпсэхуауэ.

Къурмэн махуэшхуэм щIалэгъуалэр
Къуажэбгъум гупу щызэхуос.
Хэти и лIыгъэ зыдынэс
Щигъэлъэгъуэнущ джэгу яублэм.
Зэдоуэ шабзэ, пшэм я щIыбым
Щылъатэ бгъэр къраудых.
Мэз бжэну сакъыу къызэдох
Бгы нэкIуми, тафэм зыхаIубэ.
Къыщолъэтыжри зэуэзэпсэу,
Толъкъуну зэрехьэх къуршыпсу
Зэдолъ, къызэранэкIыу сабэр.

БЕСТУЖЕВ-МАРЛИНСКИЙ Александр

## Шэрджэс уэрэдыжь

Бгъэжьхэм ещхьу Къазбэч щыгум
Пшагъуэр хьэлъэу къытогъуалъхьэ.
Пшагъуэм хуэкIуэу къыр щыгу гъуэгум
Уэркъ шуудзэ гупыр тохьэ.
ДокIхэр лъагэу, нэхъри лъагэу,
Урысыдзэм дэжэщIа
Уэркъ гуп цIыкIум и къыр лъагъуэр
Лъы ящIэкIымкIэ гъэнщIащ.

Фочхэр, сэшхуэр ягъэдалъэу
Къэпхъэрахэщ бий емынэр.
Я топышэу къателъалъэм
Пэлъэщыфкъым афэ джанэр...
«Шыхэ, флъэкIыр къэвмыгъанэ!»
Фэ фешакIэщ - ауэ жыжьэщ
Ди быдапIэу къурш мэзыжьыр!
Бий нэщанэ хъуащ ди гущхьэр...
Щысщ молэр лъэгуажьэмыщхьэу,
Тхьэ йолъэIур, тхьэлъэIу псалъэр
Тенджыз нэхум, уафэ нэзым
ПхолъэтыкIри шабзэшэу,
Бегъымбарым и деж носыр:
«Алыхь лъапIэ, дыкъэхъумэ!»

Ялъагъуэжыркъым къелыпIэ,
Ауэ, ди Тхьэ, сыт пщIыхьэпIэ!
Асыхьэтым тхьэ IэмыркIэ
ЗэщIоушэ мэзыжь щхьэкIэр:
Толъкъун щIыкIэу зэщIэгъуагъуэу,
ЯгъэщIагъуэу, ар къоIэгъуэр!..
Муслъымэнхэр я ажалым
Мэз Iувыжьым кърегъэлыр.



**Ашэмэз и бжьамий.** *Сурэтыр* **СэвкIуий Хьэмид** *ищIащ.*

ЛЕРМОНТОВ Михаил

## Тэрч и тыгъэхэр

Тэрч мэкъугъыр, Iэлщ, губжьауэ
Къыр зэхуакур декъутыкI.
Мывэ Iуфэм епэбжьауэу,
Налкъут нэпсхэр щIекIутыкI.
Ауэ, толъэдэжри тафэм,
Iэдэб дыдэу зеубыдыж.
ЗыщигъафIэу тенджыз Iуфэм,
Каспий дадэ йоубзэж:

«IэплIэр, дадэ, къысхуэущIыт!
Лъэр уи деж къэсхусыхун
Зэпысчакъым гъуэгуу мащIэ,
МащIэу хуейщ зызгъэпсэхун.
Сыщалъхуащ Къазбэч и лъапэм,
Пшэхэм бгъафэкIэ сапIащ,
Залымыгъэр зыгъэлъапIэ
ЦIыхухэм бийуэ сраIащ.
Уи щIалэфIхэу зи джэгугъуэм
Сэ Дарьял псыр къахуэсхъунщIащ,
Зэрызехьэу, абрагъуэу
Мывэ хъушэ къахуэсхуащ.

Ауэ Iуфэм зригъэщIу,
Каспий, жей пфIэщIыну, щымщ.
Нэхъри бзафIэ зыныхуищIу,
Тэрч и макъыр егъэдым:

«Къыпхуэсхьащ сэ тыгъэ лъапIэ,
Тыгъэ лъапIэ псом я лей,
Къыпхуисхащ сэ уэ
АдыгэлIу зы шууей.
Дыщэ защIэщ афэджанэр,
Iэблэтелъхьэ жыр псыхьам,
КъратхыкIри КъурIэным
Тхьэм и псалъэ хащIыхьащ.
Зэхэлъхьащ и нэщхъыр жагъуэу,
И пащIэкIэр зыгъэплъыжь
Лъы щIэкIам пхиша и лъагъуэм
Къытенащ и лъы лъэужь;
Жэуапыншэу и нэшхуитIым
Гужьгъэжьышхуэ къыщIэнащ.
И щхьэгу дыдэм зыщеIуантIэ
АкIэ фIыцIэ ухуэнам».

Ауэ, Iуфэм зригъэщIу,
Мэщхьэукъуэр Каспий, щымщ.
И толъкъунхэр хуэму ещIэу,
Тэрч и псалъэр егъэдым:

«Еплъыт, дадэ, мы си тыгъэм!
Хэт мыпхуэдэ илъэгъуа?
Тезмыгъаплъэу дунеягъэм,
Ар сэ уэ пхуэзгъэтIыгъуащ.
Къыпхуахьащ си толъкъун пщэцхэм
Къэзакъ пщащэ, пщащэ хур,
Iэблэ фэхущ ар, дыжьын щхьэцхэр
Бгъэгум хуэму щоуэршэр.
НэкIу пшагъуафэр нэщхъеифэщ,
НитIыр пщIэнкъым жей фIэкIа,
УIэгъэщIэ телъщ и щIыфэм,
Лъыми лъагъуэ пхищIыкIащ.
Псы ежэхым нэр хэплъызэу,
Пщащэм жылэр хуэнэщхъейщ.
Хуэмыщыгъуэр зыщ хъыджэбзым -
Къэзакъ щIалэ лIы домбейрщ.
КъызэщIелъхьэ и шы къарэр,
Теувэнущ зауэ гъуэгу,
Жэщ зэхэуэм шэшэн къамэр
Къыхахуэнущ абы игу».

Мэщымыж толъкъун губжьахэр,
Толъкъун щIагъым къыщIэжащ
Пщащэ, и щхьэр уэсу хужьу,
И щхьэц Iувыр зэпцIэжащ.

И тепщагъэ абрагъуэр
Игъэлъагъуэу къэува
Тенджыз дадэм, игъэщIагъуэу,
И нэм нэпс къыщIэуващ.

Къэхъуащ тенджызри нэжэгужэ,
Каспий уардэу зишэщIащ.
Толъкъун пакIэурэ къыхуэжэм
IэплIэ гуапэ къыхуищIащ.

РЫЛЕЕВ Кондратий

***

Дахагъэм уардэ щIэхъукIыжу,
Къыхощыр Iуащхьэмахуэ пшагъуэм.
Мэкъугъыр жьыбгъэр зиукIыжу,
Къыр щыгум уафэр къыщогъуагъуэ.

Бгы лъабжьэм пшэр щызэрызохуэ,
Мэушэ псынэр, псыр мэгъуахъуэ:
А псори зыуи къыщымыхъуу,
Щытщ тхьэIухуду Iуащхьэмахуэ.

ЕIэтри и щхьэр нэхъри лъагэу,
Доплъей уафэгум, зигъэпагэу.

ПОЛЕЖАЕВ Александр

## Адыгэ романс

Къырыщхьэ задэм и щхьэщыгум
Жыгей IэплIакIуэр къытожьауэ.
Щысщ, щыму иплъэу жэщ уафэгум,
ЩIалэ къудан - адыгэ щауэр.
Жэщ даущыншэм зыхигъапщкIуэу,
Абы ищIакъым мурад бзаджэ.
Ажалым и гур хуэIэпщакIуэу,
Лъыгъажэ зауэм хуримыджэ.
ГурыщIэ нэхум зэщIиIэтэу,
И лъагъуныгъэм щIалэр поплъэ.
И макъым хуэму зыкъиIэту,
И зэшыр щIелъхьэ и пшыналъэм:
«Уэращ сызэжьэр, къэс нэхъ псынщIэу!
ТемыпыIэжу уэ къыппэплъэу,
Мы си гум кърехуэкIыр си лъыр,
КъызэщIигъаплъэу си гурыщIэр.
Щхьэ укъэгувэрэ, си дахэ?!
Жамбей, хуэхьыжкъым си псэ махэм!
Мэжей мамыру хьэблэр, къуажэр,
Жей IэфIым хэтщ уи адэ-анэр.
Дэ къытхуэгуапэу кIыфIщи жэщыр,
Гу къыплъатэнкIэ умышынэ!
Си дахэ, дэнэ уздэщыIэр,
Къэс псынщIэу, си псэр темыпыIэ!
Си адэжь лъахэм и хур вагъуэ,
Жэнэт пэлъытэ къысхуэхъуа!
НэгъуэщI си нитIым ямылъагъуу,
Уи Iупэм, уи бгъэм щIэбжьэхъуащ.
КъыщIокIыр мазэр... зумыIэжьэт,
АфIэкI схуэхьыжыркъым, сыножьэ!»
Акъужьыр гуапэу, зэрымыщIэу
Къыхукъуэуа фIэкIа умыщIэу,
Къохутэр пщащэр щIалэ пащхьэм,
КъытолъэщIыхьыр гуапэу и щхьэм.
Макъ гуакIуэр, и гур къигъэIэсэу,
Щэху дыдэу, щабэу мэIущащэ:
«Уэращ сызейр, хэтыхукIэ си псэр», -
Мэщатэр, тIэкIу нэщхъейуэ пщащэр,
ТоIэбэр щауэм!..
Ауэ зэуэ
Сыт къыр зэхуакум щыхъуэпскIар?
Жэщыбг уафэгур зэгуигъэзу,
Къэлыда Iэщэр къыздикIар?!
И адэрщ!.. Жэщым и дахэгъуэр
Жеиншэ адэм зыхимыщIэт.
Зригъэлъагъури пщащэ лъагъуэр,
КъыкIэлъыкIуат ар и пхъум пIащIэу.
ЛIы къэгубжьам и къамэ уэгъуэм
ЩIалэщIэ гъащIэр диухащ...
АрщхьэкIэ... Дэнэ щыIэ и пхъур?
Сыт пхъум и натIэм кърихар?
ИгъащIэ псокIэ гъэр пэлъытэу
Иджы ар адэм иIыгъыну?
Адэм и губжьым, и укIытэм
Дахагъэм и псэр ягъэныну?..
Пщащэ лажьэншэм сыт и натIэр...
Ди Тхьэшхуэ! Месыр, сыныр къаплъэу
Щхьэщытщ къырыщхьэ задэ натIэм:
Махуэ нэхутхьэхухэм я пшэкIэплъыр
КIыфIыгъэ кIэншэм хисхьэжащ.
И щауэр, лъыр къыпыжу, пщащэм
И пащхьэм къыщиукIуриям,
Икъузщ хъыджэбзми къамэ Iэпщэр,
Къамэдзэм лъыр игъэдиящ!..

# Сказано об адыгах

ГОСТЕПРИИМСТВО есть одна из важнейших добродетелей черкеса. Гость приезжает со свитой к какому-нибудь князю или тлякотлешу и живет у него неделю или две, или сколько ему заблагорассудится.

Хозяин обязан отъезжающего гостя проводить до границы своих земель. Тягости гостеприимства уравновешиваются взаимностью, потому что двери всякого открыты для всех. Беднейшие сословия также гостеприимны, как и высшие, и бедный человек, даже крестьянин, угостит чем может, и накормит лошадей, а чего не имеет сам, то займет у других.

**Карл СТАЛЬ,**
*русский генерал от кавалерии. 1859 гг.*

ГОСТЯ принимали с тем радушием, которым отличаются вообще все горцы. Приезжий мог оставаться в гостях сколько ему было угодно, но приличие требовало не засиживаться слишком долго. Войдя в саклю, гость во время пребывания в ней находился на попечении хозяина, который обязан был предохранять его от всякой неприятности и угощать вместе со свитой, как бы многочисленна она ни была. Для почетного гостя хозяин резал барана, а иногда и штуку рогатого скота. «Добрый хозяин, - говорит черкесская поговорка, - обязан доставить гостю сытный стол, хороший огонь и обильный фураж». Мысль о том, что скажут о нем гости по возвращении в свою сторону, преследовала хозяина; день и ночь он хлопотал о госте, старался быть при нем безотлучно и лишь оставлял его на несколько минут, для того чтобы заглянуть, сыты ли, накормлены ли лошади приезжих. Все это делалось без всякой мысли о вознаграждении, из одного убеждения, что он исполняет завет отцов и долг гостеприимства. Взять подарок от гостя значило навлечь на себя всеобщее презрение, да и сам гость не предлагал его, боясь оскорбить тем хозяина.

**Николай ДУБРОВИН,**
*военный историк, автор шеститомного труда «История войны и владычества русских на Кавказе» (1871 - 1888).*

ГЛАВНОЕ же щегольство черкесов и других горских народов состоит в полном вооружении, и хотя преимущественно стараются они о добротности и прочности оного, однако же не отвергают и роскоши украшения. Без сабли, пистолета и кинжала черкес никогда не отлучается от двора своего, но для полного воинственного наряда надевает он на себя панцирь, вооружается луком, колчаном со стрелами и ружьем. Как величественно тогда рисуется он на коне своем, питомце горских табунов, с каким самодовольством несется по утесам, крутизнам и оврагам!.. Трудно представить себе, чтобы воин, столь тяжело обремененный оружием, мог сохранить живость, проворство, свободное действие во всех членах своих, но взглянув на черкеса или чеченца, по ловкости его движений уверишься, что богатырский наряд нимало не беспокоит его.

**Николай ДАНИЛЕВСКИЙ,**
*прозаик и поэт, автор книги «Кавказ и его горские жители» (1846).*

КАБАРДИНЦЫ довольно часто изменяют покрой своего платья, и такая перемена тотчас входит в употребление и у других горцев. Одним словом, кабардинцы служат представителями просвещения и образованности между племенами народа адехе, к коему также причисляются. Вкус кабардинцев и поступки служат примером для прочих племен, которые во всем им подражают.

**Платон ЗУБОВ,**
*русский писатель-беллетрист. 1876 г.*

РЫЦАРСКАЯ Кабарда была законодательницей мод и вкуса для всех воинственных адыгских обществ от Сунжи до Черного моря.

**Иван ПОПКО,**
*русский военный историк. 1858 г.*

ВЕСЬ КОСТЮМ черкеса и его вооружение приспособлены были как нельзя лучше к наездничеству и конной драке. Бурочный чехол скрывал его винтовку от нечистоты; она накидывалась на спину, и ремень к ней был пригнан так, что черкес легко заряжал ее на всем скаку, стрелял и потом перекидывал через левое плечо, чтобы обнажить шашку. Последнее оружие черкес особенно любил и владел им в совершенстве. Черкесская шашка остра, как бритва, страшна в руках наездника, употреблялась им не для защиты, а для нанесения удара, который почти всегда бывал смертелен. Он носил шашку в деревянных, обтянутых сафьяном ножнах и пригонял так, чтобы она не беспокоила его во время езды. За поясом заткнуты были два пистолета и широкий кинжал, неразлучный его спутник даже и в домашнем быту. На черкеске по обеим сторонам груди пришиты были кожаные гнезда для ружейных патронов, помещаемых в газырях - деревянных гильзах. На поясе висела жирница, отвертка и небольшая сумка, наполненная разного рода вещами, дозволявшими всаднику, не слезая с лошади, вычистить оружие.

* * *

Обращение черкесских девушек было скромно и исполнено достоинства. Красота их с давних пор не находила соперниц: правильные черты лица, стройный стан, маленькие руки и ноги, поступь, походка и все движения являли что-то гордое и благородное. Все, кто только мог видеть черкесских женщин, свидетельствуют, что между ними встречаются такие красавицы, при виде которых невольно останавливаешься, пораженный изумлением. «Про черкешенок, - говорит очевидец, - можно сказать, что они вообще хороши, имеют замечательные способности, чрезвычайно страстны, но в то же время обладают необыкновенной силой воли».

* * *

Конечно, понятие о красоте женщин есть понятие относительное; нельзя сказать, чтобы все черкесские женщины без исключения были красивы, но, во всяком случае, они служат лучшими представительницами прекраснейшего белого, или так называемого кавказского, племени.

**Николай ДУБРОВИН.**

УДОБНЫЙ и изящный костюм, приспособленный к образу жизни адыгов, широко распространился за пределами Черкесии. Они были не только наиболее высокими по стадии общественного развития народа, но и по образцам в области бытового уклада, обычаев, одежды. Черкесский тип костюма получил столь широкое распространение не только на Северном Кавказе, но и в Закавказье… и казаки заимствовали из Черкесии форму одежды, вооружение, посадку на коне и внимательно следят за всеми изменениями черкесской моды.

**Евгения СТУДЕНЕЦКАЯ,**
*русский советский этнограф-кавказовед. 1928 г.*

ИХ СТРАНА производит замечательную породу лошадей, которых они продают в Петербурге по цене от 300 до 1000 руб., несмотря на их небольшой рост, который компенсируется их чрезвычайной и невероятной выносливостью. Я видел их в Петербурге. Кабардинские князья заставляют их кружить подле себя в круге, диаметр которого не больше длины их корпуса.

**Филипп Людовик де СЕГЮР,**
*французский дворянин при дворе Екатерины II. 1773 г.*

КОННИЦА горцев имеет значительные преимущества как перед регулярной нашей кавалерией, так и перед казаками. Горцы только что не родятся на лошади, и потому, привыкая к верховой езде с самых малых лет, делаются чрезвычайно ловкими в оной и получают навык пробегать большие пространства без усталости. Имея изобилие в лошадях, не изнеженных конюшнями, они избирают тех только, кои отличаются быстротою, силою и поворотливостью. Между ними совсем не редки лошади, на которых в летний день можно проехать полтораста верст от утренней зари до вечерней. В Европе это, конечно, покажется ложью, но по всей Западной Азии никто не удивится этому.

**Алексей ВЕЛЬЯМИНОВ,**
*русский генерал-лейтенант. 1835 г.*

КАБАРДИНЦЫ свято хранят взаимно данное слово; друг же за своего друга умереть готов. Дружба дает право располагать дружеским имуществом как своим собственным, кроме оружия, почитаемого родовым достоянием. Иноземец может под кровом дружбы безопасно в горах путешествовать. Князь, друг его, ему сопутствует или передает с рук на руку другому, который равномерно в безопасности его до известного времени или места ручается.

*Из «Описания кабардинцев».*

ЧЕРКЕШЕНКА не знала никаких скандалов. У себя дома она росла гражданкою своего аула, гордилась предками и лучше братьев знала историю собственного рода… Скромные, но исполненные достоинства, они порою гнулись как сталь, но и как хорошая сталь, выпрямляясь, уничтожали все препятствия, выраставшие перед ними. Не подымая голоса, они умели придавать ему столько несокрушимой силы, что и в родном ауле совет или желание черкешенки были приказаниями. Они только не выбирали себе мужей в тех случаях, когда их сватали в Турцию, дома же оставались полными распорядительницами своей судьбы. В самой натуре здешней женщины было что-то благородное, изящное, породистое, чему соответствовала и их наружность. На востоке у них не было соперниц. Высокая, стройная, гибкая - они точно светлый след оставляли за собою. Их маленькие руки и ноги вдохновляли турецкого поэта, и до сих пор в Малой Азии, когда встречаются такие у мужчин и женщин, анатолийцы говорят: у них в роду черкешенка. Капля ее крови очищала целое поколение. Их карие глаза полны выражения. Это не острый и ослепляющий блеск грузинских очей, чаще бессмысленный, чем красивый, нет, во взгляде черкешенки ярко отражались ее душа, ее чувства, все, что совершалось в ней, как бы порывисто, быстро, изменчиво это ни было. Ничем грубым не оскорбляла вас красота женщин в племени адыге.

**Василий НЕМИРОВИЧ-ДАНЧЕНКО,**
*русский писатель, военный корреспондент. 1878 г.*

ДЛЯ ЧЕРКЕСА, жившего в маленькой независимой общине, родина казалась ему большой; он видел, что она независима, воюет и заключает мир с такими же соседями, как она сама, и это придавало ему гордость и сознание собственного достоинства. Все иноземное, иноплеменное черкес ненавидел, гордился своей родиной, в которой считал себя человеком не последним, а играющим часто весьма важную, по его понятиям, роль. Спросите черкеса, откуда он родом, он ответит - шапсуг или бесленеевец, но ответит с такой серьезностью, как будто бы он был вельможей огромного государства.

**Николай ДУБРОВИН.**

ЧЕРКЕСИЯ является школой для татар, из которых каждый мужчина, который не обучался военному делу и хорошим манерам, считается «тентеком» - ничтожным человеком. Сыновья крымских ханов отсылаются к черкесам на воспитание и обучение. Черкесы могут быть названы французами в отношении татар.

**Дмитрий КАНТЕМИР,**
*соратник Петра I, автор книги «Черкесы» (1798).*

В ГЛУБОКОЙ древности черкесы были все-таки образованным и высококультурным народом. У них были и живопись, и ваяние, они знали и литейное искусство, что уже доказано раскопками. Древнейшим городом Черкесии был Бергусант, на месте которого ныне казачья станица Бургустан.

Первый удар черкесскому культурному процветанию нанес в IV веке аварский хан Байкан, разгромивший дотла всю Черкесию. За аварами приходили калмыки, хазары, славяне, посетил Черкесию и «бич Божий» - Атилла, доходивший со своими скопищами гуннов до Шат-горы. Нападали на черкесов и их ближайшие соседи, и все это в конце концов обратило прекрасный мирный народ в неустрашимых воителей, для которых война явилась единственной целью в жизни.

**Александр ЛАВИНЦЕВ,**
*русский писатель. 1904 г.*

ЧЕРКЕСЫ считают свое оружие самым ценным богатством. Они хранят и передают его как священное наследство: отсюда мы и обнаруживаем в их собственности самые редкие сабли, самые дорогие кинжалы, копья древних крестоносцев, итальянские пистолеты, на которых мы встречаем латинские надписи, порой весьма любопытные. Эти надписи объясняют происхождение пистолетов и имена их первых владетелей.

В качестве доказательства превосходства черкесского оружия я могу констатировать, что стволы русских мушкетов разрубались на две части в бою ударом шашки… Черкесы научились тому, как отражать штык, тогда как русские офицеры не знают, как уклониться от удара шашки.

**Иван ГОЛОВИН,**
*русский диссидент, английский подданный. 1859 г.*

КАБАРДИНЦЫ более всех горцев склонны к оседлой жизни; родина для них священна. Обычаи предков сохраняют с точностью. Они благоговеют перед гробами предков и почитают оные жертвоприношения. Изделия кабардинцев: оружие, бурки, холст и прочее - гораздо совершеннее, нежели у других народов.

**Платон ЗУБОВ.**

ЧЕРКЕССКИЙ язык очень древний, он употребляется во всей Черкесии и Кабарде от Азовского до Каспийского моря. Он не схож ни с одним языком в мире... Возможно, что на этом языке говорили древние языги, которые населяли северное побережье Меотиды, и языги-метанасты, которые вторглись в Паннонию и покорили ее. Возможно также, что он был введен в Венгрии до появления там турков, пришедших после них и смешавшихся с хазарами и многими другими племенами Черкесии. В результате основной скелет венгерского языка в настоящее время не имеет ни малейшего соответствия ни с одним из известных языков, за исключением черкесского.

**Шарль де ПЕЙСОНЕЛЬ,**
*французский ученый, дипломат. 1787 г.*

КОГДА мы говорим о контактах между русскими и кавказцами, то это вовсе не был контакт между цивилизованным народом и дикарями. Казаки того времени, видимо, стояли на одном уровне с чеченцами и кумыками и, конечно, были на более низком уровне, чем адыги, в то время подданные кабардинских князей, и сами кабардинцы. «Кабарда служила для гребенских казаков своеобразной законодательницей мод, именно у кабардинцев они позаимствовали легкую военную экипировку, способ ведения войны, искусство джигитовки и т.д. «Эти люди, - говорит М. Попко, - жили за счет своих соседей, переняв у них многие обычаи вместе с военными трофеями. Что касается домов, то здесь о русских избах не могло быть и речи. Их заменили типичные кабардинские жилища с открытой галереей и своеобразной внутренней планировкой и убранством».

**Джон БАДЕЛЛИ,**
*британский путешественник, журналист. 1908 г.*

САДОВОДСТВОМ они почти вовсе не занимаются, зато гордятся многочисленными конскими заводами, которые, однако, ныне в большом упадке, и стадами овец и буйволов. С успехом занимаясь пчеловодством, кабардинцы производят и некоторые грубые мануфактурные изделия, сбываемые за соль на меновых дворах Кавказской области или в Анапе.

***Журнал Комитета, учрежденного для устройства Закубанского края.***

УМЕРЕННОСТЬ, к коей черкесы в целом приучены, является большим преимуществом для них в военных походах. Всадник снаряжен на несколько дней небольшим мешочком сваренного проса, которое он крепит к своему седлу. Бесспорно, этой умеренности черкесы обязаны существующим у них крепким долгожительством и тем фактом, что среди них редки болезни. Если бы не чума и оспа, кои здесь творят страшные опустошения, население было бы пропорционально большим, чем в других местах.

* * *

Они употребляют травы, масло, воск, мед и делают кровопускание. Последнее используют главным образом в случае головных болей: делают надрез с помощью режущего инструмента в болезненном месте и останавливают кровопускание с помощью крапивы или ниток. Они чрезвычайно успешны в лечении ран, для чего употребляют только растительные вещества.

**Карл ТАУШ,**
*агент иностранной коллегии. 1834 г.*

КАБАРДИНЕЦ без всякой нужды может перенести по малой мере четыре дня, не вкусив ни малейшей части пищи, и тогда еще песни поет.

**Иван ДЕЛЬПОЦЦО,**
*русский генерал. 1802 г.*

БОЛЬШАЯ Кабарда имела огромное моральное влияние не только на все черкесские народы, но и на соседних осетин и чеченцев… Князья и дворянство кабардинское славились своим наездничеством, храбростью, щегольством в наряде, вежливостью в обхождении и были для прочих черкесских народов образцом подражания и соревнования. Дворянский обычай кабардинцев (уорк хабзе) сделался обычаем для всех черкесов. Черкесы характеризуют кабардинское дворянство прежних времен двумя словами - нэмэрэ зэуэнрэ, то есть благочестивое и рыцарское.

* * *

Черкешенки любят славу и доблесть: молодость мужчины, его красота и богатство ничего не значат в глазах черкешенки, если ищущий ее руки не имеет храбрости, красноречия и громкого имени. Черкешенка при выборе жениха всегда предпочитает седого удальца юноше, богатому и красивому. Я считаю излишним писать, какое влияние имеет эта любовь женщины к славе на характер народа и дух юношества.

* * *

Князь или тлякотлеш, богатство которого известно, несет большие обязанности. Кроме исполнения обязанностей гостеприимства, он должен быть щедр и делиться своим добром. К нему, например, приезжает так называемый гость с просьбой (хачеуако) и, пожив у него сколько ему заблагорассудилось, просит князя подарить ему десять лошадей да двадцать быков, да сотню-другую овец или крестьянина, и князь обязан удовлетворить просителя. Эта обязанность одаривать гостей напоминает обычай древних эллинов.

**Карл СТАЛЬ.**

СУЩЕСТВУЮТ две особенности, свойственные всем народам на заре их развития, - два цветка, которые по воле природы распустились в каждом человеческом сердце и которые стали основными чертами характера черкесов: любовь к свободе и гостеприимство.

**Фридрих БОДЕНШТЕДТ,**
*немецкий поэт. 1844 г.*

ПРЕКЛОНЯЯСЬ перед черкесами, Хеннингсен называет их красивейшей, мужественнейшей и решительно лучшей расой в мире. Кажется, сама природа, создав этот народ для превосходства и главенства, отвела ему роль аристократии всего рода человеческого.

**Мишель САПЕН-ЛИНЬЕР,**
*французский военный историк. 1922 г.*

КАБАРДИНЦЫ - это аристократы Кавказа… Кабардинцы храбры, честны, вовсе не склонны к вероломству и коварству; они красивы собою и очень внимательно относятся к своей внешности. «Он одет как кабардинец», - говорят на Кавказе про горца, отличающегося умением хорошо одеться. Кабардинцы изящны в движениях, отличаются изысканной деликатностью и, как выше сказано, благородством своего характера. Кабардинец редко лжет и никогда не обманывает даже своего врага.

* * *

Адыге представляют из себя один из наиблагороднейших народов Кавказа. Отличительные свойства их характера - храбрость, удальство, рыцарство в отношении к врагам, великодушие и гостеприимность. Мужчины и женщины черкесские и поныне славятся своей красотой и грацией, но быт их гораздо грубее быта кабардинцев. Сказываются гористость и через это замкнутость их родины.

**Александр ЛАВИНЦЕВ.**
*1904 г.*

КАБАРДИНЦЫ весьма способные люди. Если образование распространится между ними, то они скоро станут на хорошей ступени развития, они имеют много прекрасных качеств и одарены умом и смелостью.

**Павел СТЕПАНОВ,**
*русский военачальник. 1814 гг.*



# Си еджапIэ - си къежьапIэ



НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ



● ЩIэ

## «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр мэлажьэ




**Ди республикэм и къалащхьэ Налшык иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ пэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэм хэзыгъахъуэ «Бжыгъэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэ Iэмалхэр, «Яндекс. Учебник»-м тету» курсхэр. Егъэджэныгъэхэм хэтащ ди щIыналъэм и егъэджакIуэ 400-м щIигъу.**

КУРСХЭР къыщызэIуахым, абы къекIуэлIахэм захуигъэзащ КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къумыкъу Iэуес. Ар тепсэлъыхьащ бжыгъэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэм щIыналъэм хэпщIыкIыу зыщегъэужьын зэрыхуейм.

- Нобэрей егъэджакIуэм щIэныгъэ куу бгъэдэлъыпхъэщ иджырей технологие пэрытхэм ехьэлIауэ. Егъэджэныгъэм хэлъ апхуэдэ дызыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм хуэгъэпсауэ ди деж илъэс зыбжанэ лъандэрэ шэщIауэ щолажьэ УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьауэ щыта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр, - къыхигъэщащ Къумыкъум. - ЩIыналъэ егъэджэныгъэ IэнатIэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ куэдым шэсыпIэ яхуэхъуа а жэрдэм гъуэзэджэр здынэмыс унэтIыныгъэ щымыIэми ярейщ. Абыхэм языхэзщ нобэ къызэIутх курсхэр.

«Яндекс.Учебник» Iэмалыр «Бжыгъэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэ» проектым епхахэм ящыщщ. Абы и фIыгъэкIэ егъэджакIуэхэм щыгъуазэ зыхуащIыфынущ электрон егъэджэныгъэ программэхэм, технологиещIэхэм, школ лэжьакIуэхэм яхэлъ Iэзагъым, творчествэм хигъахъуэу. ЩIыналъэхэм щылэжьэну а проектым и пашэ Корзеев Артём зэрыжиIамкIэ, «Яндекс.Учебник»-р егъэджакIуэм дерсхэм къыщигъэсэбэп хъунущ, хабзэ хъуауэ зэрылажьэ адрей методикэхэми ящIыгъуу. А Iэмалыр къагъэсэбэпурэ ягъэзэщIэфын унэ лэжьыгъэхэм школакIуэхэр дегъэхьэхынри ехъулIэныгъэ къызыпэкIуэн Iуэхугъуэщ. Математикэмрэ урысыбзэмрэ хуэщIа апхуэдэ лэжьыгъэхэр гъунэжу пщIэншэу щыбгъуэтынущ «Яндекс.Учебник»-м.

**КЪАРДЭН Ритэ.**



# УнафэщIым и зэфIэкIым куэд елъыташ



**Зыхущыщ Iэ щымыIэу къуажэ еджапIэр къызэбгъэпэщыну тыншкъым, мылъкушхуэрэ зэман куэдрэ хухэпхын хуейщ. Ауэ апхуэдэ гугъуехь къылъыкъуэкIхэм къыпикIуэтыркъым мы тхыгъэр зытеухуа, Псыншокъуэ къуажэм дэт курыт школым и унафэщI Тхьэкъуахъуэ ФатIимэ.**

ЩIЭНЫГЪЭ зыбгъэдэлъ, лэжьыгъэм и пIалъэм фIыуэ хэзыщIыкIщ ар. Мы еджапIэм илъэс 27-м нэсауэ щолажьэри, абы щыщу 11-м унафэщIым и къуэдзэу щыташ, илъэс 8-нэ хъуауэ унафэщI къалэныр егъэзащIэ. А къулыкъум зэрыпэрагъэувэри еджапIэм и Iуэхухэр зэрыригъэфIэкIуэным, ныбжьыщIэхэм ират щIэныгъэм и фIагъым зэрыхигъэхъуэным, зыдэлажьэ гупым ягу нэсыным хущIэкъуу апхуэдэщ.

ФатIимэ и псалъэхэм къызэрыхэщымкIэ, зэрысабийрэ егъэджакIуэ IэщIагъэм ехъуапсэрт. Уеблэмэ, хьэблэ сабийхэм щрагъусэм деж ахэр иригъаджэу апхуэдэт я джэгукIэр.

А IэщIагъэм хуеджэну хуейуэ и адэ-анэм щажриIам щыгуфIыкIыщатэкъым, ауэ къыпэрыуакъым. Бахъсэн дэт 2-нэ курыт школым 8-нэ классыр къыщиухри, Педагогикэ училищэм пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм щIэтIысхьауэ щыташ ар. ЗыщIэхъуэпс IэнатIэм зэрыпэрыувэным къару къыхилъхьэу, нэхъыбэ зэрызригъэщIэным, и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным хущIэкъуу еджащ ФатIимэ. Ар къиуха нэужь, езыр зыщIэса школым игъэзэжри, унагъуэ ихьэху, пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лэжьащ.

ИужькIэ, зыхэхуа унагъуэм трагъэгушхуэри, ФатIимэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьэжат, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну. Абы зэрыщеджэм хуэдэурэ, 1992 гъэм, Псыншокъуэ дэт курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзауэ нобэр къыздэсым а IуэхущIапIэм щыIэщ.

Илъэс зыбжанэкIэ иригъэджауэ абы къыхуагъэлъэгъуащ школ унафэщIым егъэджэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ къалэныр. Лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, гугъуехьым щымышынэ цIыхубзыр а IэнатIэм пэрыташ илъэс куэдкIэ. Абы къыдэкIуэу, ФатIимэ урысыбзэмрэ литературэмкIи иригъаджэрт. ЕгъэджакIуэ щыпкъэм зэрыжиIэмкIэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэ иримыхьэкIами, сыт хуэдэ Iуэху зэфIимыхами, сабийхэм ярит дерсым къыдэкIуэ гукъыдэжым хуэдэ къезыт зыри щыIэкъым. Сыт ар къызыхэкIыр жыпIэмэ, ябгъэдилъхьэ щIэныгъэм и мызакъуэу, езы цIыкIухэм я дежи куэдым зыщригъэсэну Iэмал зэриIэр аращ. Тхьэкъуахъуэм къыхегъэщ сабийм бгъэдэплъхьа щIэныгъэр а дакъикъэхэм наIуэ къэмыхъуми, зэман дэкIа нэужь Iэмал имыIэу зэрахэплъэгъуэжыр. Абы и щыхьэтщ нобэкIэ ар зэрыгушхуэ, ди республикэм и мызакъуэу Урысейм и къалэшхуэхэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэр къаухыу IэщIагъэ хъарзынэ зэзыгъэгъуэта, апхуэдэу езым и лъэужьым ирикIуа егъэджакIуэхэр зэриIэр.

И къару емыблэжу и лэжьыгъэ Iыхьэр зэригъэзащIэм, иригъэкIуэкI Iуэхухэм гу къылъатэри, 2001 гъэм еджапIэм и унафэщI къулыкъум пэрагъэувауэ нобэми ирехьэкI ФатIимэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, а къулыкъур къыщыхуагъэлъэгъуам тIэкIу иригузэват. Абы къыгурыIуэрт сабийхэм уахэтынымрэ гъащIэм и пIалъэ зыщIэ цIыху балигъхэм уадэлэжьэнымрэ зэрызэхуэмыдэр. Ауэ, зэримыгугъауэ, тыншу ядогъуэгурыкIуэ и нэIэ щIэту лажьэ егъэджакIуэхэм.

- Зэгурыйуэ здэщыIэм фIыщ щыIэнури. Лэжьыгъэр гугъуми, абы хуууиIэ лъагъуныгъэм Iуэхур къыбдегъэпсынщIэ, - жеIэ Тхьэкъуахъуэм.

Унэ етIуанэ хуэхъуауэ и гъащIэм и нэхъыбэр щигъакIуэ IуэхущIапIэм и щыIэкIэ-псэукIэр, и къэкIуэнур егъэфIэкIуэным еш имыщIэу телажьэу апхуэдэщ ФатIимэ. Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ курыт еджапIэм зыIэримыгъэхьэми, ар егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм, адэ-анэхэм я фIыщIэущ къызэрилъытэр.

ЕджапIэм и пэшхэр, пщIантIэр, абы къегъэщIылIа щIыпIэр дахэу зепхьэкIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр абы екIуалIэ сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэмрэ арэзы хъууэ щIэныгъэ егъэгъуэтынырщ. ФатIимэ мы IуэхущIапIэм и унафэщI зэрыхъурэ сабийхэр уэрамым щымыхьэулейуэ Iуэху гуэрым дегъэхьэхыным, гъэсэныгъэр егъэфIэкIуэным, щIэныгъэр щIэгъэбыдэным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ. Абы и щыхьэтщ еджапIэм гупжьей куэд зэрыщыIэр, семинар, зэпеуэ, зэпсэлъэныгъэ, пшыхь зэмылIэужьыгъуэхэр щIэхщIэхыурэ къызэрызэрагъэпэщыр. ЕгъэджакIуэхэри адэ-анэхэри зыгъэгуфIэ ехъулIэныгъэхэр ныбжьыщIэхэм къыщахь щIыналъэ, хэгъэгупсо, урысейпсо утыкухэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм, олимпиадэхэм, зыкъэлъэгъуэныгъэхэм. Апхуэдэу школым щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм папщIэ къызэрагъэпэщ зэIущIэхэри. Абыхэми утыкушхуэм я зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэ. ЕджапIэм щылажьэхэри, Прохладнэ щIыналъэри иригушхуэу, школым географиер щезыгъэдж Ахъмэт Рустам «2019 илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм и лауреат хъуауэ щыташ.

Рустам хуэдэ егъэджакIуэфI куэд школым зэрыщылажьэр къыхегъэщ унафэщIым. Абыхэм я зэфIэкIыр нэхъыбэу наIуэ щыхъур сабийхэм къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр, ОГЭ, ЕГЭ-хэр щатхэм дежщи, еджакIуэхэр абыхэм хъарзынэу полъэщ.

Апхуэдэуи, егъэджакIуэ IэщIагъэр зрагъэгъуэтауэ я школым лэжьэну къакIуэ дэтхэнэми дэIэпыкъуэгъурэ методикэ и лъэныкъуэкIэ чэнджэщрэ зэрагъуэтри къыджиIащ ФатIимэ. НобэкIэ курыт еджапIэм щекIуэкI лэжьыгъэр зэрыгупу зэрызэфIагъэкIым, зэдэIэпыкъуу, зэхуэгуапэу зэрыщытым щогуфIыкI унафэщIыр.

И IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэм щытепсэлъыхькIэ абы жеIэ, IэщIагъэ къыхэхыным теухуауэ чэнджэщкIэ зыкъыхуэзыгъазэ дэтхэнэри егъэджакIуэ унэтIыныгъэм зэрытригъэшхуэр.

Иджыри зэ сыхэдэжын хуей хъуамэ, егъэджакIуэ IэщIагъэрт сызыхуеджэнури, сызэрылэжьэнури. Махуэ къэс нэхъыфIыжу слъагъукъэ жыпIэу апхуэдэщ, - жеIэ Тхьэкъуахъуэм.

ФатIимэ и лэжьыгъэфIри гулъытэншэ хъуркъым. Абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъыр, апхуэдэу УФ-м цIыхухэм курыт щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэри къыфIащащ, къраташ Прохладнэ щIыпIэ администрацэм къыбгъэдэкI фIыщIэ, щытхъу, ЩIыхь тхылъхэр, Псыншокъуэ къуажэ администрацэм и ЩIыхь тхылъыр.

И IуэхущIафэ псори къыхуагъэдахэу, зыкъыщIагъакъуэу ФатIимэ и щIыбагъ къыдэтщ унагъуэ дахи. Абы и гуащэ Тхьэкъуахъуэ КIулатIэрэ и щхьэгъусэ Арсенрэ хуэдэхэр зырызщ. И лэжьыгъэкIи, и унагъуэкIи чэнджэщэгъу къыхуэхъуу, я нэхъ гугъуми трагъэгушхуэу апхуэдэхэщ. И бынхэми езыхэм я лъагъуэ гъащIэм щагъуэтыжащ. И къуэ Адмир «ВЕЛЕС-Агро» компанием и IэщIагъэлIщ, абы и щхьэгъусэ Жанни Псыншокъуэ дэт курыт еджапIэм щолажьэ. Ипхъу Сюзаннэ и анэм и лъагъуэм ирикIуащ, егъэджакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ абы иролажьэ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

● ЩIэдзапIэ

## Щоджэн ХьэIишэт и гъуэгугъэлъагъуэр



**Курыт еджапIэм щыщIэс илъэсхэр ныбжьыщIэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэхъэнэу зэрыщытыр хьэкъщ. А зэманыращ сабийм и хьэл-щэнхэр зэпIэзэрыт щыхъур, гъащIэм хуиIэ еплъыкIэхэм я лъабжьэр щигъэтIылъыр, IэщIагъэ хуэхъунум епха гупсысэхэр гум щызэригъэзахуэр. Школыр гъащIэ гъуэгум и къежьапIэу къэзылъытэхэм ящыщщ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Малкэ жылэм щыщ Щоджэн ХьэIишэт.**

КЪУАЖЭМ дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, ХьэIишэт еджэным щыпищащ Пятигорск къалэм дэт, ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ Урысей академием (РАНХиГС) и юридическэ факультетым.

- А еджапIэ нэхъыщхьэм лъэпощхьэпоуншэу сыщIэхуауэ хъарзынэу сыщеджэми, сэ си псэр хуеIэрт фIыуэ дапщэщи слъагъуу, школым сыщыщIэсами гулъытэ хэха зыхуэсщIу сыкъекIуэкIа адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ нэхъ кууэ щыгъуазэ захуэсщIыну, - жеIэ ХьэIишэт. - А хъуэпсапIэр си гъуэгугъэлъагъуэу сэ сыщIэтIысхьащ КъБКъУ-м тхыдэмкIэ, филологиемрэ СМИ-мкIэ и институтым и адыгэбзэ къудамэм.

Мы зэманым пщащэм еджапIитIри фIы дыдэу зэдехь. Абы зэрыжиIэмкIэ, щIэныгъэ лей щыIэкъым, дэтхэнэми уи гупсысэм, зэхэщIыкIым лъэныкъуэ зырызкIэ зрегъэужь. Анэдэлъхубзэм зэрыхуеджэм и лъэр жан ищIу, гухэхъуэ къритуи жеIэ. Абы фIыкIэ игу илъщ къуажэ курыт школым щезыгъэджахэр. Ахэр гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуауэ къелъытэ.

- Школым егъэджакIуэ лъэщхэр щыдиIащ дэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ дезыгъэджа ЛъэнкIэпIашэ ФатIимэ, биолог БищIо Валентинэ, химик КIуэкIуэ Люсенэ, урысыбзэмрэ литературэмрэ дыхуезыгъэджа КIуэкIуэ Элинэ. ЕгъэджакIуэ Iэзэхэщ КIуэкIуэ Мариannэ, Быф Маринэ, ЦIыпIынэ Iэсият, - игу къегъэкIыж пщащэм. - Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт пэщIэдзэ классхэм дыщезыгъэджа Щоджэн Хьэлимэт. Аращ зи фIыгъэр лъагапIэщIэхэм сыхуеIэу сызэрыхъуар.

Пэжу, ХьэIишэт жыджэру ирихьэкIащ школ илъэсхэр. Ар щIэх-щIэхыурэ хэтащ икIи мызэ-мытIэу щытекIуащ олимпиадэхэм, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Абыхэм я щыхьэтщ абы къыхуагъэфэща щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэдыр. Апхуэдэхэщ мафIэсым ебэнынымкIэ плакат щIыным жыджэру зэрыхэтамкIэ кърата щIыхь тхылъыр, анэдэлъхубзэмкIэ, тхыдэмкIэ, инджылызыбзэмкIэ, хэкупсэ уэрэдхэмкIэ екIуэкIа республикэпсо зэпеуэхэм я щIыналъэ Iыхьэхэм, «КИТ. Компьютеры. Информатика. Технология» урысейпсо зэхьэзэхуэм пашэ зэрыщыхъуамкIэ кърата тхылъхэр, фэеплъ саугъэтхэр.

Ди гуапэщ хэкупсэ пщащэ цIыкIум и зэфIэкIхэм хигъахъуэу, и мурад псори къехъулIэу, узыншагъэр и куэду псэуну.

**ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.**

● Хэкупсэ гъэсэныгъэ

## Гулъытэ зыгъуэт унэтIыныгъэ

**КъытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу, Хэкум и къыщхьэщыжакIуэу гъэсэным иужьрей зэманым гулъытэшхуэ хуащI. Абы теухуа къэрал программэ хэхахэри щолажьэ ди хэкум. УнэтIыныгъэм хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэща Iуэхугъуэхэм ящыщщ ШколакIуэхэм я урысейпсо дзэ-хэкупсэ зэщIэхъееныгъэр. «Юнармие» фIэщыгъэр зиIэ а Iуэхум зыщиужьащ ди щIыналъэми.**

АРУАН районым хыхьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт школ №1-м иджыблагъэ щекIуэкIащ а урысейпсо зэгухьэныгъэм къигъэув къалэнхэр щIыпIэм зэрыщегъэкIуэкIыпхъэм теухуа зэхыхьэ. «Юнармиер» ныбжьыщIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зезыгъэужь зэщIэхъееныгъэм» зыфIаща зэхуэсым хэтащ щIыналъэм хиубыдэ школхэм ОБЖ-р щезыгъэдж IэщIагъэлIхэр, школ унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ я къуэдзэхэр, класс нэхъыжьхэм щеджэ ныбжьыщIэхэр. ЗэIущIэм кърагъэблэгъахэм ящыщщ КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ Мэрем Мухьэмэд, Аруан муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ КъарэцIыкIу Мухьэмэд, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ КIыщыкъуэ Дианэ, РОСТО-ДОСААФ-м и Аруан район автошколым и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр зэфIэгъэувэжыным къару куэд тезыгъэкIуадэ хэкупсэ нэс Гулэжын Беслъэн, щIыналъэм и дзэ комиссар Багъ МуIэед, Прохладнэ щыIэ дзэ частым и унафэщIым и къуэдзэ Журбэ Дмитрий, «Юнармие» зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ штабым и пашэм и къуэдзэ Шыд Адэлбий, «Кавказ гъунапкъэ» къэлъыхъуакIуэ гупым и Iэтащхьэ Цыбин Виктор, ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ МацIыхъу Хъусен, «Дзэ зэкъуэшыныгъэ» щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэ Абэнокъуэ Владимир сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсыр иригъэкIуэкIащ ар щекIуэкI IуэхущIапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Езий Оксанэ. Абы япэу псалъэ иритащ школым и унафэщI ХьэхъупащIэ Iэмин. Къахуеблэгъа хьэщIэ лъапIэхэм фIыщIэ яхуищIа нэужь, Iэмин къыхигъэщащ щIэблэр хэкупсэу, я къэралыр, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ ялъагъуу, абыхэм я къыщхьэщыжакIуэу гъэсэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы ехьэлIауи еджапIэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщрагъэкIуэкIыми тепсэлъыхьащ. Абы къыкIэлъыкIуэу утыкум кърашащ «Юнармие» зэщIэхъееныгъэм а махуэм хагъэхьэну ныбжьыщIэхэр. ТхьэрыIуэ ята нэужь, хьэщIэхэр абыхэм ехъуэхъуащ, юнармеец зэрыхъуам щыхьэт техъуэ дамыгъэ иратурэ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр школ пщIантIэм щекIуэкIащ. ЕджапIэм къепха хадэм ныбжьыщIэхэм щагъэтIысащ КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм къарита жыгищэр. Абы къыкIэлъыкIуэу псоми щыгъуазэ зыхуащIащ дзэ техникэм и гъэлъэгъуэныгъэу зэхуэсым къыхузэрагъэпэщам.

**ТАМБИЙ Линэ.**



## Хэкум папщIэ

● Дэ къытхуатх

**Мы гъэм илъэс 95-рэ мэхъу Джэрмэншыкыр къуажэ щхьэхуэу гъэтIысыным теухуа унафэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщыдэкIрэ. Абы ипкъ иткIэ, илъэситI дэкIри, 1926 гъэм, Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ унагъуи 146-рэ, цIыху 743-рэ хъууэ, «ТIыуащIэкIэ» зэджэ щIыпIэм жылэу щытIысащ. Ар пэщIэдзэ хуэхъуащ зызыужьауэ, ди республикэм и адрей къуажэхэм къакIэрымыхуу нобэ псэу ди Джэрмэншыкым.**

КЪУАЖЭР псынщIэу зэфIэгъэувэным, ар зэIузэпэщ щIыным абы дэсхэр жыджэру елэжьырт. ЦIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI хъуным унафэщIхэри яужь итт. Сыт хуэдэ Iуэхуми япэ ирагъэщырт щIэблэ къэхъур егъэджэныр, гъэсэныр икIи гъуэгу тэмэм тегъэувэныр. А Iуэхугъуэ иныр къалъытэри, къуажэдэсхэм я къарукIэ жылэм щаухуауэ щыташ япэ школыр. Куэд дэмыкIыу абы щылэжьэну кърагъэблэгъащ ди щIыналъэми хамэ щIыпIэхэми щыщ егъэджакIуэ нэхъыфI куэд. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм икухэм къыщыщIэдзауэ абыхэм яхыхьащ къуажэм щыщ щIалэ еджахэри. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, Ажийхэ Сэлмэнрэ Мухътаррэ, Къашыргъэ ХьэпащIэ, КIыщокъуэ Iэдэм, ПщыхьэщIэ Къубатий, Тау Борис, ЛIуп Хьэзешэ, ХъутIэ Хьэжмусэ сымэ.

Абыхэм ящыщащ школым и унафэщIу куэдрэ лэжьа Къардэн Къубатий.

Нэхъыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, икъукIэ зэман хьэлэмэтт а лъэхъэнэр. Колхозхэр зэгухьагъащIэти, хьэрхуэрагъыр яку дэлъу колхозхэтхэр лажьэхэрт, жылэми зиузэщIырт, фIым хуэплъэу. ЩIэныгъэншагъэм бэнэныгъи иращIылIати, егъэджакIуэ щIалэхэр махуэкIэ школым щылажьэрт, пщыхьэщхьэкIэрэ колхозхэтхэм еджэкIэ, тхэкIэ ирагъащIэрт. Зэныбжьэгъу егъэджакIуэхэр фIыуэ лажьэрт, ныбжьыщIэхэр я хьэл-щэн дахэхэмкIэ къыдахьэхыу, абыхэм щапхъэ яхуэхъуу.

Къуажэдэс жыджэрхэу Ажий Сэлмэнрэ ЛIуп Хьэзешэрэ дунейм щехыжар куэдым къазэрытехьэлъауэ щытар жаIэж ноби.

Ауэ гъащIэр зыми хуэгъэувыIэркъым, сытым и дежи ипэкIэ макIуэр, абы укъыкIэрыхуи хъунукъым. НэхъыщIэхэм къахэкIащ абыхэм я пIэ иувэн, щIэныгъэрэ зэфэIкIрэ ябгъэдэлъу. Борисрэ Iэдэмрэ пединститутым щIэтIысхьащ, адрей щIалэхэм щIэныгъэр щыхагъахъуэ курсхэр къаухащ. ИужькIэ Iэдэм Кенжэ школым, ПщыхьэщIэ Къубатий Шытхьэлэ школым ягъэкIуащ. Ажий Мухътар, Къашыргъэ ХьэпащIэ, ХъутIэ Хьэжмусэ сымэ ди къуажэ школым къагъэзэжащ.

Зауэ къэхъункIэ зэрыхъунум и хъыбарыр жылагъуэм щызэбгрыкIат абы щыгъуэ. Дзэм къулыкъу щыщIэным пыщIа IэщIагъэхэр зрагъэгъуэтын мурадкIэ ди егъэджакIуэхэм ящыщ куэд щIэтIысхьауэ щыташ дзэ-политикэ училищэ зэмылIэужьыгъуэхэм, кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм щIэтIысхьат Къардэн Къубатии. ЗыщIэтIысхьа еджапIэхэр къауха иужь, ахэр отпуск къэкIуэжри зэхуэзэжат, зыхуэзэша школым, абы щылажьэ егъэджакIуэхэм яIущIат. ПщIэ зиIэу ди жылэм дэса щIалэхэр ягъэлъэпIат къуажэдэсхэми. Хэт ищIэнт ахэр иужьрейуэ зэхуэзэжауэ...

Зэныбжьэгъу егъэджакIуэхэм ящыщу школым къыдэнауэ щытар Къашыргъэ ХьэпащIэ и закъуэт. Ар и узыншагъэр зэрыхуэмыхъум къыхэкIкIэ Дзэ Плъыжьым ирамыджауэ арат.

Хэкур псэзэпылъхьэпIэм щихуа лъэхъэнэ гугъум ХьэпащIэ колхозым и парт организацэм секретару хахащ икIи цIыхубэм я зэфIэкIыр къэIэтынымкIэ лэжьыгъэшхуэ ищIащ. Зауэ нэужьым колхозыр сыт и лъэныкъуэкIи зэфIэгъэувэжынми и къару куэд ирихьэлIащ. ИужькIэ и ныбжьэгъухэр къыщыдэлэжьа еджапIэм игъэзэжри щIэблэр иригъаджэу, игъасэу лэжьащ, пенсэм кIуэху. Абы къыдэкIуэу и рассказхэмкIэ, повестхэмкIэ, романхэмкIэ ди цIыхухэр игъэгуфIащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщауэ щыта ХьэпащIэ сэ школым илъэс куэдкIэ сыщыдэлэжьащ. ЩIэх-щIэхыурэ абы игу къигъэкIыжырт и ныбжьэгъухэр, абыхэм я лэжьыгъам, дуней тетыкIам теухуауэ хъыбар куэд къиIуатэрт. Абы хуабжьу игу къеуэрт и ныбжьэгъу щIалэхэм ящыщ куэд, зи щIэныгъэри лэжьыгъэри щIэблэ къэхъунум хуэзыунэтIыну зи мурадахэр, зауэм зэрыхэкIуэдар.

Джэрмэншык къуажэм икIыу Хэку зауэшхуэм цIыхуи 176-рэ хэтащ, абыхэм ящыщу ди къэралым папщIэ я псэр ятащ 95-м. Зэныбжьэгъу егъэджакIуэхэу Ажий Мухътар, Тау Борис, КIыщокъуэ Iэдэм, ПщыхьэщIэ Къубатий сымэ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу хэтащ Хэку зауэшхуэм. Тау Борис зауэм щызэрихьа лIыгъэхэм папщIэ къэрал дамыгъэ зыбжанэ къыхуагъэфэщауэ щыташ. Абы и цIэр дыщэпскIэ къыщыхаIущIыкIащ зи хуитыныгъэм папщIэ и псэр щита Старицэ къалэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм папщIэ щагъэува фэеплъым. Тау Борис Хьэмзэт и къуэм и цIэр тетщ КъБКъУ-м и пщIантIэм дэт апхуэдэ фэеплъми, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм деж фIэлъ фэеплъ пхъэбгъуми. Борис хуэдэу, адрей зэныбжьэгъухэми я мурадат зауэ нэужьым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм пэрыхьэжыну, арщхьэкIэ апхуэдэу къэхъуну Тхьэм иухуатэкъым: абыхэм я псэр ятащ ди къэралым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ. Илъэс тIощIым щIигъу къудей гъащIэт абыхэм ящыщ дэтхэнэми Алыхьым къалъигъэсар. Джэрмэншык школ пщIантIэм дэтщ зауэм хэкIуэдахэм хуагъэува фэеплъ. Абы бгъэдэт сыным Мухътари, Iэдэми, Къубатии, Бориси я унэцIэхэр, цIэхэр тетщ, итщ ахэр зауэр зэриухрэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкIауэ щыта «Фэеплъ тхылъым».

Ди жылэм къыдэхъуэ щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ етыным зи гъащIэр тезыухуауэ щыта а щIалэхэм я псэр ятащ мамырыгъэм папщIэ. Апхуэдэ куэдым я гъащIэр зыщIата а фIыгъуэр дывгъэхъумэ, ди лIыхъужьхэм я фэеплъми щIэблэр щIэдвгъэпIыкI.

**ЛIУП Нурхьэлий,** *егъэджэныгъэм и ветеран, Джэрмэншык къуажэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.*

**1557 Известные адыги**

# Во славу России

**2020 Видные деятели шести столетий**


**Яков (Урускан) Черкасский** *(1604 - 1666) - Председатель Правительства России, возглавлял Стрелецкий и Иноземный приказы. Выдающийся полководец, стольник*


**Дмитрий (Каншао) Черкасский** *(1586 - 1651) - талантливый воевода, стольник, боярин. Освобождал русскую землю от войск Речи Посполитой (1612 - 1613 гг.)*


**Мария (Гуащэнэ) Идарова** *(1544 - 1569) - русская царица, кабардинская княжна*


**Иван Черкасский** *(? - 1642) - ближний боярин, Глава Правительства России*


**Михаил (Алей) Черкасский** *(1645 - 1721) - ближайший сподвижник Петра I, первый в России генералиссимус, любимец русского народа*


**Александр (Долеттери) Бекович-Черкасский** *(1671 - 1717) - талантливый мореплаватель, сподвижник и посол Петра I, первый составитель подробной карты Каспия*

## ЩЫШЫЛЭ
**Январь**

| | |
|---|---|
| Бл. | 6 13 20 27 |
| Гъу. | 7 14 21 28 |
| Бр. | 1 8 15 22 29 |
| Мху. | 2 9 16 23 30 |
| Мр. | 3 10 17 24 31 |
| Щб. | 4 11 18 25 |
| Тхь. | 5 12 19 26 |

## МАЗАЕ
**Февраль**

| | |
|---|---|
| Бл. | 3 10 17 24 |
| Гъу. | 4 11 18 25 |
| Бр. | 5 12 19 26 |
| Мху. | 6 13 20 27 |
| Мр. | 7 14 21 28 |
| Щб. | 1 8 15 22 29 |
| Тхь. | 2 9 16 23 |

## ГЪАТХЭПЭ
**Март**

| | |
|---|---|
| Бл. | 2 9 16 23 30 |
| Гъу. | 3 10 17 24 31 |
| Бр. | 4 11 18 25 |
| Мху. | 5 12 19 26 |
| Мр. | 6 13 20 27 |
| Щб. | 7 14 21 28 |
| Тхь. | 1 8 15 22 29 |

## МЭЛЫЖЬЫХЬ
**Апрель**

| | |
|---|---|
| Бл. | 6 13 20 27 |
| Гъу. | 7 14 21 28 |
| Бр. | 1 8 15 22 29 |
| Мху. | 2 9 16 23 30 |
| Мр. | 3 10 17 24 |
| Щб. | 4 11 18 25 |
| Тхь. | 5 12 19 26 |

## НАКЪЫГЪЭ
**Май**

| | |
|---|---|
| Бл. | 4 11 18 25 |
| Гъу. | 5 12 19 26 |
| Бр. | 6 13 20 27 |
| Мху. | 7 14 21 28 |
| Мр. | 1 8 15 22 29 |
| Щб. | 2 9 16 23 30 |
| Тхь. | 3 10 17 24 31 |

## МЭКЪУАУЭГЪУЭ
**Июнь**

| | |
|---|---|
| Бл. | 1 8 15 22 29 |
| Гъу. | 2 9 16 23 30 |
| Бр. | 3 10 17 24 |
| Мху. | 4 11 18 25 |
| Мр. | 5 12 19 26 |
| Щб. | 6 13 20 27 |
| Тхь. | 7 14 21 28 |

## БАДЗЭУЭГЪУЭ
**Июль**

| | |
|---|---|
| Бл. | 6 13 20 27 |
| Гъу. | 7 14 21 28 |
| Бр. | 1 8 15 22 29 |
| Мху. | 2 9 16 23 30 |
| Мр. | 3 10 17 24 31 |
| Щб. | 4 11 18 25 |
| Тхь. | 5 12 19 26 |

## ШЫЩХЬЭУIУ
**Август**

| | |
|---|---|
| Бл. | 3 10 17 24 31 |
| Гъу. | 4 11 18 25 |
| Бр. | 5 12 19 26 |
| Мху. | 6 13 20 27 |
| Мр. | 7 14 21 28 |
| Щб. | 1 8 15 22 29 |
| Тхь. | 2 9 16 23 30 |

## ФОКIАДЭ
**Сентябрь**

| | |
|---|---|
| Бл. | 7 14 21 28 |
| Гъу. | 1 8 15 22 29 |
| Бр. | 2 9 16 23 30 |
| Мху. | 3 10 17 24 |
| Мр. | 4 11 18 25 |
| Щб. | 5 12 19 26 |
| Тхь. | 6 13 20 27 |

## ЖЭПУЭГЪУЭ
**Октябрь**

| | |
|---|---|
| Бл. | 5 12 19 26 |
| Гъу. | 6 13 20 27 |
| Бр. | 7 14 21 28 |
| Мху. | 1 8 15 22 29 |
| Мр. | 2 9 16 23 30 |
| Щб. | 3 10 17 24 31 |
| Тхь. | 4 11 18 25 |

## ЩЭКIУЭГЪУЭ
**Ноябрь**

| | |
|---|---|
| Бл. | 2 9 16 23 30 |
| Гъу. | 3 10 17 24 |
| Бр. | 4 11 18 25 |
| Мху. | 5 12 19 26 |
| Мр. | 6 13 20 27 |
| Щб. | 7 14 21 28 |
| Тхь. | 1 8 15 22 29 |

## ДЫГЪЭГЪАЗЭ
**Декабрь**

| | |
|---|---|
| Бл. | 7 14 21 28 |
| Гъу. | 1 8 15 22 29 |
| Бр. | 2 9 16 23 30 |
| Мху. | 3 10 17 24 31 |
| Мр. | 4 11 18 25 |
| Щб. | 5 12 19 26 |
| Тхь. | 6 13 20 27 |


**Алексей Черкасский** *(1680 - 1742) - великий канцлер Российской империи, награжден орденами св. Андрея Первозванного и св.Александра Невского*


**Владимир Черкасский** *(1824 - 1878) - видный государственный деятель России, московский городской голова, один из авторов крепостной реформы 1861 г.*


**Виталий Догужиев** *(1935 - 2016) - первый заместитель Председателя Правительства СССР, лауреат Государственной премии СССР, Герой Социалистического Труда*


**Хачим Кармоков** *(1941) - первый Председатель Счетной палаты России*


**Юрий Калмыков** *(1934 - 1997) - министр юстиции Российской Федерации*


**Валерий Коков** *(1941 - 2005) - первый Президент КБР, зам. Председателя Совета Федерации РФ*


**Арсен Каноков** *(1957) - второй Президент КБР, зам. Председателя Комитета Совета Федерации РФ*


**Юрий Коков** *(1955) - Глава КБР (2013 - 2018), зам. Секретаря Совета Безопасности Российской Федерации, генерал-полковник*


**Юрий Темирканов** *(1938) - народный артист СССР, лауреат Государственных премий СССР и РФ*

## Алим КЕШОКОВ

# РОССИИ

Не отдалить бег звонкого ручья
От речки… Кабарда - одна струя
Реки той самой, что зовут - Россия!
Пути-дороги, радость и печаль
Сошлись по воле судеб -
Так вот вдаль
По воле выси реки мчат седые.

Растим в полях одни и те ж хлеба,
Одни и те же песни и судьба,
Не раз огню враги пытались злые
Предать наш труд, наш дом и наш очаг,
Но отступал в свою берлогу враг -
Была защитой Кабарде Россия.

В боях и испытаньях вспыхнул свет,
Сердца он согревает столько лет -
То дружбы нашей свет непогасимый,
Когда, образовавши братский круг,
На плечи младших братьев среди вьюг
Легла рука державная России.

Хранят легенды память всей земли
О тех путях, что вместе мы прошли.
Когда Россия свободной стала,
В один союз народы все слились,
Путь прям, как луч,
Прекрасна наша жизнь,
Хоть мы дорог прошли уже немало.

Мы - капли, но течем в один поток,
В листве большого дерева листок.
Пусть Кабарда - мизинец в этом мире,
Но той руки, что тверже даже скал.
Да, мы - ручей, тот, что в Россию впал,
Чем дальше мчим, тем каждый берег шире.

*1957 год*

*Перевод* **Владимира Цыбина**


**Алим Кешоков** *(1914 - 2001) - народный поэт КБАССР, лауреат Государственной премии РСФСР, Герой Социалистического Труда*


**Аслан Дауров** *(1940) - композитор, лауреат Государственной премии РСФСР*


**Михаил Шемякин (Карданов)** *(1943) - народный художник КБР, дважды лауреат Государственной премии Российской Федерации*


**Заур Тутов** *(1951) - певец, народный артист РФ, КБР, Адыгеи, КЧР, Дагестана*


**Борис Шухов** *(1947) - Олимпийский чемпион по велоспорту (1972)*


**Мухарби Киржинов** *(1949) - Олимпийский чемпион по тяжелой атлетике (1972)*


**Елена Ахаминова** *(1961) - Олимпийская чемпионка по волейболу (1980)*


**Мурат Карданов** *(1971) - Олимпийский чемпион по греко-римской борьбе (2000)*


**Асланбек Хуштов** *(1980) - Олимпийский чемпион по греко-римской борьбе (2008)*


**Беслан Мудранов** *(1986) - Олимпийский чемпион по дзюдо (2016)*


**Мурат Хасанов** *(1970) - одиннадцатикратный чемпион мира по самбо*

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ.,
Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр
П 55894
Тираж 2.060
Заказ №1058